



NATIONAL DEMOCRATIC INSTITUTE
FOR INTERNATIONAL AFFAIRS




SE USAID KI
PATWONE LIV SA A
Jan 2004

GID SITWAYEN

DEZYÉM EDITION

“Pi gwo
travay nan
yon
demokrasi, se
travay chak
grenn
sitwayen.”





GID Sitwayen

NDI HAITI

Pwopriyete prive NDI HAITI

Pótopenns Janvye 2004

Enprimri des Antilles

5 000 Gid

Finansman USAID

GID SITWAYEN

ISBN 99935-110-8

Dépôt légal 02-05-192

Bibliyotèk Nasyonal peyi Dayiti

Dezyèm edisyon

**Liv sa a pa pou vann
Gratis**

TI MO DIREKTÈ A

Se avèk anpil anpil plezi nap prezante dezyèm vèsyon gid pwogram Fowòm Sivik la ki rele « GID SITWAYEN». Liv sa a gen ladan l yon seri enfòmasyon kle sou eleman ki nan fondasyon yon leta : Popilasyon, Teritwa ak sistèm Lwa ansanm ak sistèm Politik. Gid la, ki chita sou sa ki di nan konstitisyon 1987 la, pale sou kijan enstitisyon kap gouvène peyi a ta dwe mache. Li fè bon jan rale tou sou yon seri lòt lide tankou pati politik, eleksyon, dwa ak devwa sitwayen, elatriye nap jwenn nan konstitisyon an e ki se mak fabrik tout demokrasi reprezantatif, kote sitwayen vote reprezante yo.

Travay sa a, se rezilta yon seri zèfò ekip moderatè NDI ap fè sou teren an ak moun nan popilasyon an. Li chita sou tout obsèvasyon ekip sa a te pase bay ekip kòdinasyon pwogram an apre anpil seyans fòmasyon. Konò Bohan te pran an chay klase tout enfòmasyon sa yo, li te travay nan koreksyon tèks yo epitou li te bay bon jan bourad nan mete anpil nan lide ki nan liv la sou de pye yo.

Depi lè pwemye vèsyon Gid la te parèt, nou te di ta pral gen yon dezyèm vèsyon korije ak ogmante plis konplete, e se sa ki fèt. Nou konnen ni moun, nan pwogram Fowòm Sivik la, ni lòt moun kap travay nan domèn edikasyon tankou plizyè òganizasyon nasyonal osinon entènasyonal ki deja ap itilize Gid nou an, ap resevwa l trè byen . Politik pa nou nan NDI se potekole ak tout moun ki mande nou kolabore. Men, pou plis moun ka benefisye bon jan enfòmasyon ki nan liv sa a, fòk nou swiv metòd nou rekòmande lè n ap itilize l epi fè tout seri ekzèsis debaz nou propoze yo. NDI toujou disponib pou moun ki vle pran fòmasyon sa a.

Nou swete nouvo kontribisyon NDI sa a, nan mete demokrasi sou pye nan peyi Dayiti, pral pèmèt moun gen plis konesans sou kijan enstitisyon yo mache ak kijan bagay yo dwe fèt nan yon demokrasi. Epi, menm jan sa fèt nan pwogram Fowòm Sivik NDI la, moun yo pral vin kapab pratike lòt lide demokrasi tou nèf.

Nou remèsye tout moun ki te travay pou rive fè nouvo edisyon sa a parèt, espesyalman moun nan komite inisyativ yo, nan òganizasyon de baz yo, moderatè yo, èstaf NDI la, otorite lokal yo, e yon fason espesyal USAID pou finansman li.

Felix ULLOA

Direktè NDI-AYITI

KISA KI NAN LIV SA-A

TI MO DIREKTÉ A	PAJ i
KI JAN POU NOU SEVI AK LIV SA-A	PAJ 3
KISA NDI YE	PAJ 4
LETA AK TERITWA	MODIL 1 - PAJ 5
POPILASYON	MODIL 2 - PAJ 19
GOUVÈNMAN	MODIL 3 - PAJ 33
SITWAYÈNTE	MODIL 4 - PAJ 37
DEMOKRASI AK POUVWA	MODIL 5 - PAJ 45
POUVWA EGZEKITIF	MODIL 6 - PAJ 49
POUVWA LEJISLATIF	MODIL 7 - PAJ 64
POUVWA JIDISYÈ	MODIL 8 - PAJ 68
GOUVÈNMAN LOKAL	MODIL 9 - PAJ 74
ENSTITISYON ENDEPANDAN	MODIL 10 - PAJ 81
PATI POLITIK	MODIL 11- PAJ 87
ELEKSYON	MODIL 12- PAJ 95

KAT GRAN ZANTIY YO



KAT PEYI DAYITI

9 DEPATMAN TERITWA A



KI JAN POU NOU SEVI AK LIV SA-A

Pwogram Fowòm Sivik a vle ankouraje sitwayen yo nan wout demokrasi a. Li vle bay sitwayen yo enfòmasyon ak zouti pou yo ka pratike demokrasi a nan patisipe djanm nan lavi piblik la, yon fason pou yo pote wòch pa yo pou konstwi demokrasi ayisyen an.

Youn nan pi gwo zouti pwogram fowòm sivik la, se gid sa a nou rele « GID SITWAYEN ». Gen kèk chanjman ki fèt nan dezyèm edisyon sa a, men, se toujou menm lide yo ki la.

Yon ti pinga. Li ta pi bon si nou te pran tan nou pou nou li liv la. Sa vle di, eseye fin byen konprann yon chapit osnon yon pwen anvan n ale nan yon lòt. Nou espere tout sa ki gen nan chapit yo koresponn ak sa moun ki pral benefisye fòmasyon an abitye viv. Nou ta renmen apre yon moun fin wè yon chapit, li ta chèche yon lòt ki te wè l tou pou fè yon ti diskisyon sou chapit sa a. Konsa, yo ka wè sa yo te konprann pi byen ak sa yo pa t konprann byen.

Nou konte anpil sou chak grenn moun ki li liv sa pou yo vin di nou ki pwen yo te renmen plis ak ki pwen pa te klè pou yo. Konsa, NDI ka toujou pote chanjman pou amelyore liv sa.

Yon leta fò, se lè sitwayen nan leta sa a fò. NDI pa ka jwenn tout sitwayen nan nèf (9) depatman yo yon sèl kou. Kidonk, li konte anpil sou nou ki jwenn grenn demokrasi a pou-n kontinye simen l epi awose l tout kote nou pase.



NATIONAL DEMOCRATIC INSTITUTE
FOR INTERNATIONAL AFFAIRS

KISA NDI LA YE ?

NDI, se ti non jwèt mo angle sa a ki vle di « National Democratic Institute. » An kreyòl se Enstiti Nasyonal pou Demokrasi. NDI pa yon òganizasyon káp travay pou l chèche fè lajan. Misyon l se kore demokrasi tou patou sou latè.

Nan sans sa a, NDI travay toupatou kote demokrasi fèk simen pou fè piblisite sou prensip, pratik ak enstitisyon demokratik yo. Nan tèt kole ak tout demokrat, NDI bay senk gwoup moun sa yo konkou l:

- 1) Sitwayen oganize yo
- 2) Pati politik yo
- 3) Obsevatè nan eleksyon yo
- 4) Palmantè yo
- 5) Militè k ap travay nan yon sistèm demokratik.

Se pa sèlman an Ayiti NDI ap travay pou bay demokrasi jarèt. Biwo santral NDI la chita nan vil Wachingtonn DC nan peyi Etazini. NDI mennen aktivite pou devlope demokrasi yo sou kat kontinan:

Nan **Amerik** tankou Repiblik Dominikèn ak Brezil, nan **Afrik** tankou Kameroun ak Afrik Disid, nan **Azi** tankou Afganistan ak Irak, epi nan **Ewòp** tankou Albani ak Larisi.

Isit nan peyi Dayiti, NDI gen yon biwo Pòtoprens depi nan lane 1995. L ap travay avèk òganizasyon sitwayen yo, pati politik yo, moun ki obsève eleksyon yo, laprès, elatriye. Nan tout sa li fè, NDI vle rete san paspouki, ki vle di li pa favorize pesòn oubyen okenn tandans politik. Sèl pozisyon NDI ka pran se pou favorize demokrasi tout bon vre.

LETA AK TERITWA

M O D I L • 1



OBJEKTIF

PWEN 1 - LETA = TERITWA + POPILASYON + GOUVÈNMAN

PWEN 2 - TERITWA

PWEN 3 - ANVIWÒNMAN SE ZAFÈ NOU TOUT

PWEN 4 - TOUT ELEMAN NAN ANVIWÒNMAN AN MAKONNEN YON AK LÒT

PWEN 5 - NOUVO MATERYÈL = NOUVO KOMPÒTMAN

PWEN 6 - YON FATRA MAL JERE = YON ANVIWÒNMAN KRAZE

PWEN 7 - PWOTEKSYON YON TERITWA SE RESPONSABILITE NOU TOUT

1- Leta ak teritwa

LETA = TERITWA + POPILASYON + GOUVÈNMAN

**POU GEN LETA FÒK GEN TWA ELEMEN SA YO :
POPILASYON , TERITWA, GOUVÈNMAN.**

- 1) **Yon teritwa**, se yon espas ki gen yon lizyè e ki sou kontwòl yon gouvenman.
- 2) **Yon popilasyon**, se tout moun kap viv sou yon teritwa.
- 3) **Yon gouvènman**, se chapant òganizasyon moun mete pou jere popilasyon ak teritwa.

YON GOUVÈNMAN KANPE SOU 2 POTOMITAN KI SE

- A) Regleman yo, ak
- B) Enstitisyon yo.

**CHODYÈ LETA A CHITA SOU
TWA WÒCH DIFE**

Pou manje a rive kwit kòm sadwa, fòk touletwa wòch sa yo: teritwa, popilasyon ak gouvènman kore chodyè a . Si w retire yonn nan wòch yo, bonm lan ap tonbe, tout manje ap gate. Ki vle di, si pou leta mache byen, fòk touletwa eleman sa yo kanpe janm. Fòk teritwa la fò pou l kapab sipòte popilasyon an. Fòk tout manm popilasyon yo kenbe teritwa la byen epi fòk gouvènman travay pou pwoteje enterè popilasyon an ak teritwa a.



Kisa nou kenbe sou Leta a ?



- 1) Ki twa eleman ki konpoze yon leta ?
- 2) Sa ki pase lè ou ta retire youn nan eleman sa yo ?
Bay yon egzanp.
- 3) Kisa yon teritwa ye? Bay yon egzanp teritwa.
- 4) Kisa ki popilasyon an? Bay yon egzanp popilasyon.
- 5) Kisa ki gouvènman an?
- 6) Kisa ki dè eleman ki konpoze yon gouvènman? Bay yon egzanp sou chak.
- 7) Kisa ki dwe fèt pou yon leta mache byen?

2- Teritwa

DEFINISYON :

YON TERITWA SE YON ESPAS KI GEN YON LIZYÈ E KI SOU KONTWÓL YON GOUVÈNMAN.

LIZYÈ TERITWA PEYI DAYITI

Teritwa peyi Dayiti okipe pati lwès zile Ispanyola nan zòn karayib la. Kòm tout lòt teritwa, peyi Dayiti gen lizyè oubyen fwontyè.



Nan nò peyi Dayiti gen **lanmè Atlantik** pou fwontyè.
Nan sid, li gen **Lanmè Dezantiy** la.
Nan lwès, se pati lanmè yo rele **Kanal Divan** an.
Nan lès, li gen fwontyè avèk **Repiblik Dominikén**.

Si n ap pran tout tè nan pati peyi Dayiti, sòti Latòti nan nò rive Lilavach nan sid, e n ap kole tout tè sa yo ansanm, nou ta genyen prèske 30,000 km² ki egal 2,325 kawo tè anviwon.

SE MÈT KÒ KI VEYE KÒ

Lè yon moun se pwopriyetè you tè, se sou kadav li pou yon lòt moun ta pase pou-l pran li. Se toutan n ap tande moun di: « Sa a, se tè papa m te mouri kite pou mwen. » Parèyman, se zansèt nou yo ki te kite teritwa peyi Dayiti a pou nou, anpil nan yo te mouri pou te defann li.

Si zansèt nou te mouri pou kite teritwa a pou nou, nou menm fòk nou fé sakrifis tou pou n pwoteje l pou pitit pitit nou yo.

Kisa nou kenbe sou zafè Teritwa a ?

- 1) Kisa ki yon teritwa ?
- 2) Bay fwontyè peyi Dayiti.
- 3) Poukisa nou bezwen proteje teritwa nou ?



3- Anviwònman se zafè nou tout

DEFINISYON :

ANVIWÒNMAN NOU, SE TOUT BAGAY KI ALANTOU NOU ALAWONNBADE.

Konsa, nan anviwònman pa nou an, n ap jwenn tout sa ki bò lakay nou, tout sa ki nan vwazinaj nou ak tout sa ki nan kominote kote n ap viv la, kote n'ap travay la, elatriye.

Menm jan an, nan anviwònman peyi Dayiti n ap jwenn tout sa ki sou teritwa peyi a, sòti Latòti rive Ansapit.

NAN ANVIWÒNMAN NOU, NOU TWOUVE ELEMAN NATIRÈL AK ELEMAN ATIFISYÈL :

ANVIWÒNMAN NATIRÈL LA

Se tou sa Bon Dye te mete sou tè a tankou:

- Tè, ki vle di jaden, plèn, mòn, forè, elatriye.

ANVIWÒNMAN ATIFISYÈL LA

se tout sa lezom konstwi ak men yo, kòm pa ekzanp:

- Kay ak tout kalite batiman tankou boutik, lekòl, izin, atelye, elatriye.

ANVIWÒNMAN NATIRÈL LA

- Moun
- Zannimo, ti bèt, pwason, zwazo
- pye bwa, plant, zèb
- dlo nan rivyè ak lanmè
- lè nou respire a

Anviwònman natirèl la, se li ki bal lavi, ki pèmèt lavi fleri sou planèt la.

ANVIWÒNMAN ATIFISYÈL LA

- Wout, chemen ak plas piblik.
- Tout prodwi nou konn achte pou n sèvi tankou rad, soulye, kabann, bwat, sache, elatriye.
- Mwayen transpò ak kominikasyon tankou kamyon, bekán, telefòn, odinatè, elatriye.

SE ANVIWÒNMAN NATIRÈL LA KI BAZ ANVIWÒNMAN ATIFISYÈL LA.

Tout materyèl ki fè anviwònman atifisyèl la sòti nan anviwònman natirèl la. Pa egzanp, pou bati yon kay nou bezwen pay oubyen blòk. Pay, se zèb nou twouve nan lanati. Blòk yo fèt ak sab ak dlo, de matyè ki sòti nan lanati tou.

4 - Tout eleman nan anviwònman makonnen yon ak lòt

- Moun, zannimo ak plant bezwen lè pou respire, dlo pou yo bwè ak solèy pou chofè yo.
- Tè a bezwen rasin plant pou kenbe l sou mòn yo.
- Plant yo bezwen bon jan tè pou yo pouse.



- Moun ak zannimo manje plant.
- Moun manje zannimo.
- Lè plant mouri, yo sèvi pou bay tè a angrè dekwa pou lòt plant yo grandi.

Se alevini sa-a ki fè nou wè aklè kijan chak eleman nan lanati depann de tout lòt eleman yo. Youn pa ka mache san lòt. Depi yon bagay nan sistèm natirèl la gen pwoblèm, sistèm la pèdi ekilib li e pwoblèm mete pye toupatou, menm kote ou pata atann ou.

GADE KIJAN KOUPE PYE BWA MENNEN LAMIZÈ NAN YON ZÒN

MEN SA KI PASE LÈ NOU FIN KOUPE TOUT PYE BWA NAN YON ZÒN:

- Tout plant ki bezwen lonbraj pye bwa yo pou yo bay (tankou kafe) pa ka pouse ankò.
- Si pa gen lonbraj pye bwa pou pwoteje sous dlo yo, rivyè yo pral seche.
- Si rivyè yo seche, zòn nan p ap gen dlo pou fè irigasyon ak pou bwe.

LÈ NOU KOUPE PYE BWA YO, NOU TOUYE TOUT RASIN YO TOU.

- Si pa gen rasin pou kenbe tè a, lè lapli a tonbe, tè a pral glise ale.
- Si tè a ale, sa pral fè tè a pa bay ankò.
- Si tè a pa bay ankò, ni zannimo, ni moun pa ka viv sou li.



Egal, tout moun nan zòn nan ap vin antre nan lamizè akòz yon grenn eleman natirèl, kise pye bwa, ki fini.



PA GEN MANTI NAN SA. ANVIWÒNMAN NATIRÈL LA, SE BAZ LAVI TOUT MOUN, TOUT BÈT, TOUT PLANT, TOUT AKTIVITE NOU. PA GEN DE ANVIWÒNMAN NATIRÈL. FÒK NOU PWOTEJE LEPI FÒK NOU JERE L KÒRÈKTEMAN POU BYENNÈT TOUT MOUN.

Kisa nou kenbe sou anviwònman an?

- 1) Kisa anviwònman an ye?
- 2) Kisa ou jwenn nan anviwòman natirèl la?
- 3) Ki kalite resous ou ka jwenn nan lokalite ou la?
- 4) Kisa ou jwenn nan anviwòman atifisyèl la?
- 5) Fè yon ti bilan anviwònman atifisyèl lokalite w la. Pran chak eleman yo epi bay kouman yo ye.
- 6) Poukisa li enpòtan pou w chache konnen tout sa ki genyen sou teritwa w?



5- Nouvo materyèl = Nouvo konpòtman

Nou te pale deja de zansèt nou ki te goumen pou defann teritwa a kont franse, angle ak panyòl yo. Zansèt nou te goumen ak zam, anpil moun mouri pou teritwa a. Apre endepandans nou an, popilasyon te rete toujou vijilan pou defann teritwa a ankò.

Jodiya, pa gen moun deyò ki vin atake nou. JODIYA, PI GWO MENAS POU TERITWA NOU A, SE NOU MENM SITWAYEN K AP VIV LADAN L. Teritwa peyi a ap fin kraze nan men nou paske nou poko ka rive jere li, ni pwoteje li komsadwa. Sa ki pirèd la, anpil moun poko konprann poukisa yo ta dwe mele nan zafè pwoteje anviwònman paske yo poko ka konprann ki menas yon anviwònman ki pa pwoteje reprezante.




ANNOU GADE ANSANM KI JAN NOU JERE FATRA SOU TERITWA-A.

FATRA NAN TAN LONTAN AK FATRA JOUNEN JODI-A PA MENM. KIDONK NOU PA KA JERE YO MENM JAN.

Lontan, tout materyèl nou te konn sèvi avèk yo te sòti dirèkteman nan lanati. Pa egzanp tout panye te fèt ak pay, tout soulye te fèt avèk po zannimo, lèt nou te kon bwè te sòti dirèkteman nan vach bò lakay nou yo. Lè panye pay la te kraze, nou te kapab jete l nan lakou a san pwoblèm, paske panye pay la ta vin pouri jiskaske li fin fè yon sèl ak tè a menm. Jodiya, nou pito sèvi ak panye plastik oubyen panye fè. Plastik ak fè pa sòti dirèkteman nan lanati. Ki vle di yo p ap janm vin fè yon sèl ak tè a.

Konsa, lè nou jete yon panye plastik, yon soulye plastik osinon yon bwat jina atè, sa pa vini nan lespri nou plastik sa a p ap degrade. Li pral rete la menm apre nou fin mouri.



Kounye a, nou pa chèche lèt vach bò lakay nou ankò nou pito achte lèt nan ti bwat metal yo. Lè bwat lèt sa yo fini, nou jete yo nan lakou a tou. Metal sa pral ret la pou toutan, li p ap janm vin yon sèl ak tè a.

Si nou wè ak klè, nou ka konstate nan seksyon riral yo, lakou pa nou yo chaje ak panye plastik, sache plastik, bwat lèt metal yo. Nan vil yo tou, lari chaje ak sache plastik ak metal, elatriye.

Materyèl nou konn sèvi avèk yo chanje, fòk konpòtman nou chanje tou. Fòk nou adapte tèt nou pou sèvi ak nouvo materyèl yo yon lòt jan. Fòk nou chanje fason nou jere pwodwi sa yo apre nou fin sèvi ak yo.

Yon mezi nou ka pran, se prepare fatra natirèl (fè, chèz pay, vye bale, rad, elatriye) ak fatra pwodwi endistri (bwat lèt, sache plastik, soulye, kivèt, elatriye). Nan fatra pwodwi endistri, eseye wè kisa nou ka itilize ankò oubyen sa nou ka transfòme nan atizana elatriye.

Pou fatra nou pa ka itilize ankò fòk nou fouye twou epi boule yo ansanm avèk fatra natirèl yo. Se pi bon mwayen pou nou pwoteje anviwònman nou.

Pou moun ki ret lavil, fòk nou fin dakò sou ki kote nou pral mete tout fatra nan katye nou epi pale ak otorite lokal yo pou asire ke kamyon fatra vin omwen chak semèn.

6- Yon fatra ki mal jere ka fin kraze anviwònman.

MEN KÈLKE MOVE KONSEKANS YON FATRA KI MAL JERE:

- Bèt nou yo ka manje plastik ki ka fè yo malad. Nou pa ka vann ni manje yon bèt malad. Lè sa a fatra ap nwi aktivite elevaj nou yo.
- Lapli tonbe, dlo pote tout fatra yo nan la rivyè. Rivyè a vin sal, nou pa ka bwè dlo ki sòti nan yon rivyè sal. Konsa fatra k ap gen yon move zefè sou sante nou.
- Dlo sal nan rivyè yo ap desann jwenn lanmè. Se konsa, dlo ak fatra kapab rive touye anpil pwason nan lanmè paske pwason yo pa ka viv nan dlo sal.
- Lè pwason lanmè kòmanse mouri, pwodiksyon pwason pa nou ap bese.
- Lè pwodiksyon pwason pa nou fin bese, nou oblije achte pwason nan peyi etranje ki vle di peye pwason pi chè. Konsa fatra kapab kraze ekonomi nou.



LAGE FATRA NAN LARI LAVIL KAP LAKÒZ PWOBLÈM TOU.

- Fatra nan lari a toujou al bouche kanal yo.
- Lè kanal yo bouche, dlo pa ka sòti, li vin chita nan lari.
- Lè dlo chita konsa ak tout fatra, dlo a vin sal e li chaje ak mikròb, moustik, rat ak lòt vèmin.
- Lè dlo a sal ak mikwòb, se tout moun ki viv bò kanal la ak tout moun ki pase bò kanal la ki respire tout mikwòb sa yo.
- Lè yon moun fin respire mikwòb yo, li ka vin malad fasil.

Konsa, nou ka wè tout bwat lèt, ak tout sache nou lage atè ap gen anpil move zefè sou sante nou, ekonomi nou ak lavi nou. Li fasil pou wè rapò ki genyen ant anviwònman ak devlopman yon kominote. Lè anviwònman an tonbe an degraba, pwodiksyon zòn nan vin bese. Anplis, move konsekans sa yo ka menm rive jwenn lòt moun k ap viv lòt kotè tou.



Ki vle di, fòk ou pwoteje anviwònman w, pou w ede kominote w ak peyi w devlope.

Kisa nou kenbe sou fatra ki mal jere?



- 1) Kisa pwoteje yon teritwa vle di pou nou jodiya?
- 2) Ki diferans ki genyen ant yon panye pay ak yon panye plastik?
- 3) Ki move zefè yon sachè plastik ki lage atè ka genyen sou anvironman an?
- 4) Kòman fatra ka genyen yon move zefè sou sante moun yo?
- 5) Kòman fatra ka genyen yon move zefè sou aktivite ekonomik moun yo?
- 6) Eske se sèlman nan zòn kote yo jete fatra a, yon fatra ka koze pwoblèm? Poukisa?

7 - Pwoteksyon teritwa a se responsabilite nou tout.

Menm jan ak zansèt nou yo, jodiya nou bezwen rete veyatif pou nou pwoteje teritwa pa nou an. Men kèk aksyon nou ka mennen pou proteje anviwònman nou:

- 1) Fè tout moun pran konsyans sou ki rezilta aksyon nou yo ka genyen sou anviwònman nou.
- 2) Lè tout moun fin konprann rezilta aksyon nou yo kapab genyen sou anviwònman an, ansanm chèche ki jan pou n chanje konpòtman nou, pou n pwoteje anviwònman an yon fason pou tout moun viv pi byen.

- 3) Lè nou deside sou mezi n ap pran pou pwoteje anviwònman piplis, tout moun dwe respekte desizyon ki pran yo.

Ann pran yon egzanp, si nou fin konprann kijan koupe pye bwa san plante lòt pral fin kraze tout bagay vivan nan zòn pa nou an, nou ka kòmanse wè ki jan nou ka evite koupe pye bwa yo epi kouman nou ka plante lòt tou. Lè sa a, tout moun ta dwe mete yo dakò epi travay ansanm pou pye bwa pa koupe, pou plis ka plante. Pa bliye tcheke ak agwonòm pou wè ki kalite pye bwa ki pi apwopriye pou nou plante nan zòn pa nou an.

Kisa nou kenbe sou pwoteksyon yon teritwa?



- 1) Kijan nou ta renmen wè zòn nou an nan 5 lane?
- 2) Fè lis tout pwoblèm nou wè nan jesyon ak pwoteksyon teritwa nan zòn pa nou an.
- 3) Kisa nou menm nan òganizasyon an, oubyen nan bouk lan, nou wè nou k ap fè pou pwoteje anviwonman nou an pi byen?
- 4) Kijan nou jere fatra bò lakay nou? Kijan nou wè nou ta ka fè l pi byen?
- 5) Kilès ki dwe pran responsablite jere ak pwoteje yon teritwa?

POPILASYON



M O D I L • 2

OBJEKTIF

PWEN 1- KWASANS POPILASYON AN

PWEN 2 - POUKISA NOU VIN PI PLIS TOUJOU

PWEN 3 - MIGRASYON

PWEN 4 - PLIS PITIT EGAL PLIS KONSEKANS. AN NOU REFLECHI AVAN.

PWEN 5 - PLANIN AK PREVANSYON

1- Kwasans popilasyon an

DEFINISYON :

NOU SONJE, YON POPILASYON SE TOUT MOUN K AP VIV SOU YON TERITWA.

Lè Kristòf Kolon te debake an Ayiti nan lane 1492, te genyen apeprè 750.000 moun sou zile Kiskeya (Ayiti ak Sen Domeng kole ansanm). 750.000 moun sa yo nan tribi endyen ki te rele Arawak ak Tayino.


Move tretman ak maladi panyòl yo te bay, te fin touye preske tout popilasyon endyen an. Lè sa a, panyòl yo te voye achte moun an Afrik pou mete yo nan lesklavaj pou travay latè. Blan franse te vin mèt zile a apre panyòl yo. Yo kontinye menm politik la.

Se konsa, lè nou t ap pran endepandans nou nan lane 1804 te genyen nan peyi Dayiti 501.000 moun sou teritwa peyi a

480.000	nwa (Nèg lafrik ak pitit yo)
20.000	milat
1.000	blan

Depi lè sa a, kantite moun k ap viv sou teritwa a ap vin pi plis alòske teritwa a pa vin pi gwo.

Lane	Kantite Moun	Dansite Popilasyon (Kantite moun sou yon kilomèt kare)
1804	500.000	17
1870	1.000.000	34
1920	2.000.000	67
1965	4.000.000	133
2000	8.000.000	266
2050	16.000.000	532



Konsa, si te genyen 1 moun pou 5 kawo tè nan lane 1804, jodiya, nou gen 1 moun pou yon tyè (1/3) kawo tè. Lè yo fè rapò ant kantite moun ak gwose yon teritwa yo trouve dansite popilasyon an.

Jodiya, nan peyi Dayiti popilasyon an ogmante nan pousantaj 1.4% chak ane. Si nou kontiye kon sa, kantite popilasyon an ap double chak 50 lane. Ki vle di, tout timoun nan zòn nou an ki gen 10 lane jodiya, le yo rive nan laj 60 lane peyi a pral gen de fwa plis moun pase kantite moun ki la jodiya.

Si jodiya yon moun gen yon tyè (1/3) yon kawo tè, lè timoun 10 zan yo rive nan laj 60 tan, yo chak pral genyen apeprè yon sizyèm (1/6) kawo tè.

Kisa nou kenbe sou kwasans popilasyon an ?



- 1) Kisa yon popilasyon ye?
- 2) Konbyen moun ki t ap viv sou teritwa Dayiti nan lane 1804 lè nou te pran endepandans nou ?
- 3) Konbyen moun k ap viv sou teritwa Dayiti jounen jodiya ?
- 4) Kisa yo rele dansite popilasyon ? Bay yon egzanp.
- 5) Poukisa ou kwè chif sa enpòtan ?
- 6) Eske ou konnen konbyen moun k ap viv nan seksyon pa w la ?
- 7) Poukisa li ta bon pou konnen kantite moun k ap viv nan zòn ou ?
- 8) Òganize nou pou nou konnen konbyen moun k ap viv nan seksyon nou an. Paske pou jwenn dlo, fòk nou ka konnen konbyen moun ki bezwen bwè. Pou bati yon lekòl fòk nou konnen konbyen ti moun ki nan laj pou yo ale lekòl, elatriye. Se resansman k ap pèmèt nou jwenn chif sa a. Resanaman , se premye pa nan developman.

2- Poukisa nou vin pi plis toujou

FÈ ANPIL TIMOUN CHITA SOU ATITID NOU AK KONPÒTMAN NOU

Se preske tout moun ki renmen gen timoun lakay yo. Men kèk fwa nou konn fè plis pase sa nou ka okipe byen.

- Defwa nou fè anpil pitit, paske nou pa konnen si youn oubyen de pral mouri epi nou pa vle pèdi tout.
- Gen moun ki aplike sa la Bib di a: "Kwase e miltipliye" san gade ni devan ni deyè.
- Gen lòt ki kwè tou "Anpil pitit se richès"
- Genyen ki pran fè pitit tankou se bòlèt. Yo jwe, yo espere youn nan pitit yo ka rive Miyami oswa Naso.
- Gen atitid tou pami nou ki di yon nèg se gwo nèg tout bon, sèlman si li gen anpil fanm epi chak fanm gen plizyè pitit pou li.

Eske nou konnen nan peyi Dayiti:

- 3 timoun sou chak 4 timoun souffri malnitrisyon. Yo pa manje ase.
- Sou chak 100 timoun ki gen laj pou rantre lekòl nan primè, se sèlman 45 ki rive ale.
- Sou chak 100 timoun nan primè, se sèlman 20 ladan yo ki rive nan lekòl segondè.
- Gen 1 Doktè pou chak 11.000 moun.



Kounye a, an nou poze yon kesyon manch long:

Eske zafè fè anpil pitit gen rapò avèk sitiyasyon peyi Dayiti ki se peyi ki pi pòv pase tout lòt yo nan zòn karayib la ?

3- Migrasyon

DEFINISYON :

MIGRASYON, SE LÈ MOUN SÒTIYON KOTE POU AL RETE YON LÒT KOTE.

Gen de kalite migrasyon:

MIGRASYON ENTÈN

Se deplasman andedan teritwa peyi a. Kote ki gen travay ak ki bay sèvis se la ki toujou rale moun. Nan peyi Dayiti, migrasyon entèn fèt lè moun sot nan yon seksyon oubyen yon ti vil pou yo al rete nan yon gwo vil tankou moun ki sot Ansapit pou al rete Potoprens.

MIGRASYON EKSTÈN

Se lè moun sòt nan yon peyi pou al rete nan yon lòt peyi tankou tout moun ki janbe frontyè a pou al travay Sendomeng ak tout moun ki pran kanntè pou rive Nasò oubyen Miyami. Jounen jodiya, genyen anviwon yon milyon (1.000.000) Ayisyen ki ap viv nan lòt peyi tankou Repiblik Dominiken, Etazini, Kanada, elatriye.

Lane	Popilasyon lavil	Popilasyon riral	TOTAL
1965	500.000	3.500.000	4.000.000
2000	3.200.000	4.800.000	8.000.000
2050 (Pwojeksyon)	8.000.000	8.000.000	16.000.000

Kisa migrasyon an ye ?



Se lè moun sòt yon kote pou al rete yon lòt kote.

Rezon ki esplike migrasyon sa:

- 1) **KWASANS POPILASYON AN.** Vin gen twòp moun pou kantite tè ki ka travay yo. Yon tè ki te konn bay manje pou yon fanmi ki gen twa oubyen kat moun, kounye a, tè sa a dwe bay manje pou yon fanmi ki gen nenpòt dis (10) moun.
- 2) **MOVE JESYON ANVIWÒNMAN AN.** Koupe pye bwa fè tè yo degrade. Kote nou te konn plante anvan, nou pa ka plante la ankò. Kòm konsekans, nou gen plis moun ki ap travay sou mwens tè.
- 3) **SÈVIS YO PA OGMANTE ANSANM AK POPILASYON AN.** Gen plis timoun, men pa gen plis lekòl. Gen plis kay men pa gen plis kouran, elatriye.

Lè moun pa jwen travay, lekòl, lopital, bò lakay yo, yo oblije sòti kote yo leve a pou al pran chans yo yon lòt kote, swa nan vil yo, swa nan yon lòt peyi.

Kisa nou kenbe sou migrasyon ?



- 1) Kisa yo rele migrasyon ?
- 2) Ki diferans ki genyen ant migrasyon entèn ak migrasyon ekstèn ?
- 3) Kisa ki la kòz moun yo fè migrasyon ?
- 4) Kisa nou menm nou ka fè pou fè moun ki nan zòn pa nou yo rete ?
- 5) Ki travay meri a ka fè ki kapab fè moun ki nan zòn pa nou an rete ?
- 6) Kisa depite nou an ka fè ki kapab fè moun ki nan zòn pa nou an rete ?

4- Plis pitit egal plis konsekans. Ann nou reflechi avan.

Tout moun tou patou sou latè renmen fè lanmou. Nou fèt pou sa. Moun ki rete nan peyi rich yo fè lamou menm jan ak moun ki rete nan peyi pòv yo. Men, moun nan peyi rich toujou fè mwens timoun pase moun ki nan peyi pòv yo. Menm jan tou, moun ki jwenn edikasyon ak bon travay toujou fè mwens pitit pase moun ki pa jwenn menm chans lan. Pa egzanp, moun nan peyi Lafrans prèske pa fè pitit ditou.

POUKISA MOUN KI GEN GWO MWAYEN FÈ MWENS PITIT PASE MOUN KI PA GEN LAJAN?

- Moun ki viv nan peyi rich yo konnen anpil pitit ka fè yo vin pi pòv.

- Moun ki te gen chans al lekòl yo te ret tann jouk yo te fin lekòl la nèt avan yo te kòmanse fè pitit
- Moun ki te gen chans al lekòl te aprann prevwa tout konsekans yon aksyon ka genyen sou yo demen. Si yo wè yo pa kapab aksepte tout konsekans yo, yo pa fè bagay la. Konsa, yo toujou reflechi avan yo fè anpil pitit.
- Fi tankòu gason ki te gen chans al lekòl yo konnen mezi yon nèg se pa nan konbyen pitit li ka fè.

Pa fè anpil pitit pa di pa fè anpil lanmou. Jan nou sòt wè a, moun ki fè mwens pitit pa fè mwens lanmou. Sèlman yo fè prevansyon pou evite gen twòp pitit.



Wouch..!!!
A la bèl ti
fanm..!
Cheri, an
nou fè kèk
pitit non..!
Na ba yo
bwè
akasan

O-O..!!! Ou
konn pri
akasan ?

Anvan nou grennen pitit san kalkile an nou reflechi sou kalite lavi k ap tann pitit nou ak peyi nou.

- Si zafè nou pa bon epi nou fè anpil pitit, nou ka pa konnen kote nou pral jwenn manje pou bay yo.
- Si zafè nou pa bon epi nou fè anpil pitit, nou ka pa gen posiblite voye yo tout lekòl.
- Si nou pa ka voye yo lekòl, lavni yo p ap bon menm epi se nou menm ki pral lakòz sa paske nou pa t reflechi byen anvan nou te fè tout pitit sa yo.

Kisa nou kenbe sou kwasans popilasyon an ?



- 1) Dapre ou menm, kisa ki lakòz gen anpil moun konsa nan peyi Dayiti?
- 2) Kilès nan kòz sa yo ou rankòtre bò lakay ou?
- 3) Èske yon fanm ki gen 16 pitit pi rich pase yon fanm ki gen 3? Poukisa?
- 4) Poukisa fè anpil pitit kapab pa bon pou nou ak pou zòn nou an tou?
- 5) Jak, se yon yon gran moun ki gen tan fè 10 pitit ak plizyè fi deja. Menm si li pa janm ka okipe yo l ap cheche fè plis timoun ankò. Tijo, se yon jèn gason ki fè de pitit ak madanm li. Yo rive bay tou lè de anpil manje e yo ka voye yo lekòl ak bèl soulye. Dapre ou-menm, ant Jak ak Tijo, kilès ki pi gran nèg ?

5- Planin ak prevansyon

DEFINISYON :

PLANIN, SE KONTWOLE POUVWA FÈ PITIT, SE KONTWOLE AVNI PA NOU AK AVNI PITIT NOU TOU. FÈ PITIT, SE ZAFÈ GASON TANKOU FI. KIDONK, PLANIN SE ZAFÈ GASON TANKOU FI TOU.

Twa pa pou kontwole kantite pitit nou fè:

- 1) **Reflechi.** Premye pa nan fè planin, se pou chak gason ak chak fi reflechi sou konbyen pitit yo vle fè epi ki avni yo vle pou piti sa yo.
- 2) **Chèche** bon jan enfòmasyon sou planin pou nou ka konnen tout sa ki disponib dekwa pou nou ka chwazi ki metòd ki pi bon pou nou.
- 3) **Swiv** metòd planin ki pi bon pou nou. Chak metòd gen egzijans pa li. Fòk nou byen reflechi.



Gen nenpòt onz (11) metòd planin diferan. Se fi ak gason ki konsène yo ki ka deside ki metòd ki pi bon pou yo. Men kèk metòd ki pi itilize nan peyi Dayiti.


PIKI

Se yon piki medam yo ka pran chak de (2) mwa oubyen chak twa (3) mwa. Plis fanm chwazi piki la pase tout lòt metòd planin yo. Avantaj piki genyen, medam yo pa depann de gason pou prevansyon. Epi, se kèk fwa nan yon lane sèlman medam yo bezwen okipe zafè planin. Dezavantaj piki genyen, li pa pwoteje pèsòn kont sida. N ap jwenn piki nan tout klinik ak sant sante yo.



KAPÒT

Se pi gwo mezi prevansyon pou gason yo. Kapòt la gen avantaj evite sida tou. Desavantaj li se fòk nou sèvi ak kapòt chak fwa nou fè lanmou. Manke yon fwa kapab pote malè . Yon kapòt koute yon goud e ou twouve l toupatou.




GRENN

Se yon ti grenn medam yo oblije bwè chak jou san manke youn. Tout otan yo pran grenn yo, yo ka fè lanmou san tonbe ansent. Avantaj grenn nan genyen, medam yo pa depann de gason pou prevansyon. Dezavantaj grenn nan, li pa pwoteje pèsòn kont sida. Yo jwenn grenn yo nan klinik ak famasi. Atansyon, fanm ki gen kèk maladi pa ka sèvi ak grenn nan. Fòk fi yo tcheke ajan sante, infimye oubyen doktè anvan yo kòmanse ak grenn.



LIGATI

Se yon operasyon kote doktè koupe epi mare tou le de twonp fi a. Yon fwa ou fè ligati ou pa ka fè timoun ankò pou tout rèst lavi ou. Ligati se pou toutan. Ki vle di, anvan yon fi fè ligati, fòk li fin si e sèten li pa vle fè pitit ankò. Yo fè ligati nan klinik ak lopital yo.



KAT MEZI PREVANSYON SA YO DISPONIB TOUPATOU EPI YO PACHÈ.
SITOU, YO KOUTE MWENS PASE SAYON TIMOUN ANPLIS TA KOUTE NOU.

Pou enfomasyon pi plis sou tout metòd planin, tcheke avèk yon ajan sante oubyen yon sant sante nan zòn pa w a.

NOU PA GEN EKSKIZ POU NOU PA SÈVI AK MEZI PREVANSYON YO.

SONJE, PREMYE PANAN FÈ PLANIN SE REFLECHI AVAN NAJI.
MEN KÈK KESYON NOU KA POZE TÈT NOU:

- Poukisa n ap fè pitit sa a?
- Èske pitit sa ka anpeche m al lekòl oubyen fè travay mwen?
- Èske mwen vrèman vle yon lòt pitit ankò?
- Èske nou an mezi pran tout responsabilite nou pral genyen parapò ak timoun sa a?
- Èske nou ka asire n ap ka bay pitit sa a manje vant plen jouk li rive nan laj 18 lane?
- Èske nou kapab voye pitit sa a al lekòl primè? Lekòl segondè?


Kisa nou kenbe sou mezi prevansyon yo ?

- 1) Dapre oumenm, èske peyi Dayiti gen yon pwoblèm popilasyon?
- 2) Ki konsekans pwoblèm sa ka genyen?
- 3) Poukisa moun ki nan peyi rich yo ak moun ki te gen chans al lekòl pa fè anpil pitit?



- 4) Kisa nou ka mande tèt nou anvan nou kòmanse fè pitit ?
- 5) Si nou deside nou pa vle fè pitit kounye a, ki mezi nou kapab pran pou evite fè pitit ?
- 6) Dapre ou menm, ki metòd prevansyon k ap pi bon pou ou menm Poukisa ?
- 7) Kilès nan zòn pa w la ki k ap ba nou plis enfòmasyon sou planin ?

GOUVÈNMAN



Konstitisyon
Repiblik Dayiti
29 mars 1987

M
O
D
I
L
•
3

OBJEKTIF

PWEN 1- GOUVÈNMAN AK DE PYE LI

PWEN 2 - DEMOKRASI SE POUVWA KI SOTI NAN MEN PÈP LA.

1- Gouvènman ak de pye li

DEFINISYON :

YON GOUVÈNMAN, SE CHAPANT KI LA POU JERE NI POPIILASYON NI TERITWA.

Nou sonje twa eleman ki konpoze leta, se teritwa a, anviwònman an ak gouvènman an. Si nou gen yon pakèt moun ki rete kole-kole youn sou lòt nan menm kote, fòk gen règ ki tabli pou tout moun ka viv ansanm epi yo ka jwenn tout sa yo bezwen.

KIDONK, YON GOUVÈNMAN KANPE SOU 2 PYE:

- 1) **REG JWÈTYO** ki vle di konstitisyon an ak tout lwa peyi a yo.
- 2) **ENSTITISYON YO** ki la pou yo aplike règ yo, tankou lajistis, DGI, lapolis, elatriye.

Nou tout dakò règ yo nesesè pou tout moun viv alèz youn ak lòt. Kounye a, fòk nou deside kilès ki pral fè règ yo, epi kilès ki ka aplike yo.

Se Konstitisyon an ki tabli wòl gouvènman an. Konstitisyon an bay kad lalwa epi li kreye enstitisyon leta yo ki la pou aplike lalwa ak jere kòb leta nan enterè tout sitwayen yo. Sa vle di, konstitisyon an se fondasyon yon gouvènman. Gouvènman an sipoze toujou aji pou l pa depaman ak konstitisyon an e gouvènman an pa sipoze fè yon bagay ki kont konstitisyon an.

Ki donk se konstitisyon an ki di ki kalite gouvènman yon peyi pral genyen. Nan peyi Dayiti, nou sèvi ak konstitisyon tout moun te vote nan lane 1987 la. Sa ki vle di se sitwayen yo, yo menm, ki te mete chapant gouvènman sa an plas. Se konstitisyon sa a ki tabli règ jwèt demokrasi a ak enstitisyon demokratik nou genyen nan peyi Dayiti.

2- Demokrasi se pouvwa ki soti nan men pèp la.

GEN PLIZYÈ FÒM YON GOUVÈNMAN KA PRAN :

DIKTATI

Se yon sistèm gouvènman kote yon grenn moun oubyen yon ti gwoup moun decide tout règ pou tout moun san yo pa konsilte lòt moun sou anyen.

DEMOKRASI

Mo demokrasi a sòti nan de (2) mo grèk: **demòs** ki vle di “pèp la” ak **kratos** ki vle di “otorite.” Kidonk, demokrasi se yon sistèm gouvènman kote otorite soti nan men sitwayen yo. Nan yon demokrasi popilasyon an gen dwa bay dizon pa li sou tout règ k ap tabli, yon jan pou fè règ yo sèvi enterè tout popilasyon an. Kivledi, pouvwa yon gouvènman demokratik sòti nan volonte sitwayen yo.

Demokrasi a chita sou egalite tout sitwayen yo. Konsa, yon gouvènman demokratik dwe trete tout sitwayen yo egal-ego, kèlkilanswa kote yo viv sou teritwa a epi, kèlkilanswa kategori moun nan yo ye, kit li granmoun, kit li timoun, kit li fanm, kit li gason, kit li rich, kit li pòv, kit se moun nan mòn kit se moun lavil.

Kisa nou kenbe sou Gouvènman ak de pye li ?

- 1) Ki de pye yon gouvènman genyen ?
- 2) Èske demokrasi vle di tout moun gen dwa fè sa yo pito?
- 3) Ki diferans ki genyen ant diktati ak demokrasi?



- 4) Kijan bagay yo te ye sou diktati nou t ap viv la?
- 5) Kisa nou wè ki amelyore sou demokrasi a?
- 6) Èske gen bagay ki poko amelyore sou demokrasi a ? Ki sa ki lakòz ?
- 7) Èske nou bezwen tounen nan diktati pou rezoud pwoblèm sa yo?

BONJOU SITWAYEN

M O D I L • 4



OBJEKTIF

PWEN 1 - KISA KI YON SITWAYEN

PWEN 2 - 13 DEVWA YON SITWAYEN = TRAVAY BOURIK YON SITWAY

PWEN 3 - 10 DWA YON SITWAYEN = SITWAYEN K AP GALONEN TANKOU
CHWAL

PWEN 4 - SITWAYEN SE BAZ DEMOKRASI A

1- Kisa ki yon sitwayen

DEFINISYON :

DAPRE ATIK 16 KONSTISYON AN, YON SITWAYEN SE YON MOUN KI GEN 18 LANE KI GEN JWISANS TOUT DWA SIVIK AK TOUT DWA POLITIK LI.



Nan mo sitwayen nou jwenn mo "sit". Se mo sa a yo te konn itilize lontan pou pale de yon vil, yon bouk kote moun t ap viv. Yon Sitwayen, se moun ki gen dwa pou patisipe nan lavi piblik kote l ap viv la. Pou l egzèse dwa sa byen, fòk li gen anpil lyen ak teritwa li a (sit la), ak lot moun k ap viv ladann yo.

DWA SIVIL

Se dwa tout moun nan yon peyi genyen san distenksyon ; tankou dwa pou li gen non ak siyati, dwa pou l gen nasyonalite ayisyen an ak batistè ak paspò, dwa pou l marye, dwa pou l pale lib e libè, elatriye.

DWA POLITIK

Se dwa tout moun ki majè epi ki gen konprann genyen, yon fason pou yo ka di mo pa yo nan zafè peyi a, tankou ale vote nan eleksyon, poze kandidati yo, kritike gouvènman, fè asosyasyon, fè pati politik, elatriye.

Kisa nou kenbe sou sitwayen an?



- 1) Kisa yon sitwayen ye?
- 2) Ki diferans ki genyen ant yon manm Popilasyon an ak yon sitwayen?
- 3) Kisa sa vle di dwa sivil? Bay kèk egzanp.
- 4) Kisa sa vle di dwa politik? Bay kèk egzanp.
- 5) Èske li bon lè chak sitwayen egal ego devan la lwa? Poukisa?

2- 13 Devwa = Travay bourik yon sitwayen

Devwa ak dwa: se travay bourik ki bezwen fèt anvan nou ka galonnen tankou chwal.

Depi se sitwayen yon moun ye, li nan sèvis peyi li. Atik 52-1 konstitisyon di « Tout sitwayen gen yon dal obligasyon moral, politik, sosyal ak ekonomik vizavi peyi a. » Chak sitwayen gen pou li :

- 1) Respekte konstitisyon an ak drapo peyi a.
- 2) Respekte la lwa.
- 3) Vote nan eleksyon san yo pa fòse l.
- 4) Peye taks.
- 5) Dakò pou li sèvi kòm manm jiri.

- 6) Defann peyi I, si gen lagè.
- 7) Al lekòl, chèche ogmante konesans li.
- 8) Respekte ak pwoteje tout bagay ki viwonnen I.
- 9) Respekte lajan leta ak byen leta.
- 10) Respekte byen lòt moun.
- 11) Travay pou tout moun viv nan lapè.
- 12) Toujou pare pou li bay konkou, lè yon moun an danje.
- 13) Respekte dwa ak libète lòt moun.

LÈ YON SITWAYEN PA FÈ SA L DWE FÈ, LALWA GEN DWA PINI L (ATIK 52-2).

Nan demokrasi, se devwa yo ki bay dwa yo. Yon moun gen dwa touche sèlman apre li fin fè travay li. Nap pran yon egzanp, yon peyizan touche sèlman apre li fin fè travay rekolte. Yon mason touche selman lè li fin bati kay la. Menm jan tou, yon sitwayen ka touche dwa li yo sèlman apre li fè devwa li yo.

Si sitwayen travay kon bourik, li ka galonnen tankou chwal.

Si w pa fè devwa w, ou pa ka atann lòt moun ap respekte dwa w yo. Yon egzanp, si ou pa peye okenn taks ou pa gen dwa kandida nan eleksyon.

Depi yon sitwayen rive nan 18 lane, fòk li konnen ki responsablite li genyen vizavi leta a, vizavi teritwa a, popilasyon an ak gouvènman an. Se pa lòt moun ki pou di li tou tan kisa ou gen kòm devwa antan ke sitwayen.

Nan tout peyi ki gen demokrasi, se Konstitisyon an ki bay Devwa ak Dwa Fondamantal

chak sitwayen sòti, nan Prezidan rive jouk nan moun k ap bale lari a. Gen yon garanti lalwa nan sèten dwa ni yon gouvènman ni okenn lòt sitwayen pa ka retire. Pouvwa yon gouvènman demokratik sòti nan volonte sitwayen yo. Kidonk, gouvènman la pou asire ke dwa chak sitwayen pa pile anba pye.

NAN TRAVAY SITWAYEN NAN PWEN KONJE.

Konstitisyon an di nou patisipe nan zafè peyi a, pa vle di fin vote nan dimanch epi depi nan lendi kwaze bra ou ap tan sa eli yo ap fè pou ou. Nou ka wè devwa nou fas a leta se yon travay chak jou. Sitwayen pa konn pran konje.

Konstitisyon an ba nou pi piti sa yon sitwayen sipoze fè. Men menm jan yon bon jwè foutbòl antrene plis pase yon jwè mwayen, menm jan an tou, yon bon sitwayen travay plis pase yon sitwayen mwayen. Yon bon sitwayen toujou panse pou peyi li anvan li panse pou li menm. Yon bon sitwayen toujou patisipe nan zafè piblik la, sitou nan zòn li. Pa egzanp, konstitisyon di tout sitwayen gen devwa pou yo vote nan eleksyon yo; yon bon sitwayen ka deside obsève eleksyon yo tou, yon jan pou l asire l si vwa pèp la respekte nan vòt la.

3- 10 DWA = Sitwayen k ap galonen tankou chwal.

Jan konstitisyon an di l, dwa sitwayen yo sòti nan devwa yo. Lè yon sitwayen ranpli tout devwa li genyen, li kapab pale de dwa li genyen.

Konstitisyon an rekonèt dwa sa yo :

- 1) Dwa pou viv ak dwa pou viv ansante (atik 19-23 yo)
- 2) Dwa pou viv lib (atik 24-27 yo)
- 3) Dwa pou ekri ak pale lib (atik 28-29)
- 4) Dwa pou lib swiv kwayans ak relijyon (atik 30)

- 5) Dwa pou fè reyinyon ak fè asosiyasyon nan libète (atik 31)
- 6) Dwa pou jwenn fòmasyon, edikasyon ak lekòl (atik 32-34 yo)
- 7) Dwa pou travay ak tout libète (atik 35)
- 8) Dwa pou pwopriyete ak pou gen byen (atik 36-39 yo)
- 9) Dwa pou jwenn enfòmasyon (atik 40)
- 10) Dwa pou gen sekirite (atik 41-51 yo)

Kisa nou kenbe sou Devwa ak dwa nou yo?



- 1) Kisa yon devwa ye?
- 2) Kisa yon dwa ye?
- 3) Kisa ki vin anvan, yon dwa oubyen yon devwa? Poukisa?
- 4) Bay 5 devwa yon sitwayen.
- 5) Poukisa devwa yo enpòtan nan yon demokrasi? Imajine kisa ki ka rive lè sitwayen yo pa fè devwa yo.
- 6) Ki devwa ki pi difisil pou ou menm ? Poukisa ?
- 7) Kijan sistèm taks la sipoze mache ?
- 8) Ki dwa yon sitwayen genyen apre li fin peye taks li?
- 9) Kisa yon bon sitwayen fè apre li fin ranpli devwa li ?

- 10) Bay 5 dwa yon sitwayen.
- 11) Konstitisyon rekonèt dwa pou moun viv ak sekirite. Èske sa vle di ke li dakò pou nou touye vòlè? Poukisa?
- 12) Ki dwa ki pi enpòtan pou ou menm? Poukisa?

4- Sitwayen se mèt bourik la, men se li ki bourik la tou.

NANYON DIKTATI,

dirijan yo vle pran tout desizyon san yo pa konsilte pesòn. Se poutèt sa, diktatè yo pa janm vle bay sitwayen yo posiblite pou yo jwenn bon jan enfòmasyon. Yo vle kenbe sitwayen yo nan linyorans. Yo pa vle kite sitwayen yo reflechi pou kont yo.

NANYON DEMOKRASI,

se sitwayen yo ki gen otorite. Men pa gen otorite san responsablite. Ki vle di nan yon demokrasi, chak sitwayen gen responsablite itilize otorite li genyen yon fason pou l fè peyi a mache pi byen.

TRAVAYYON SITWAYEN SE : ENFÒME, REFLECHI, AJI

- 1) ENFÒME tèt li sou tout sa gouvènman li ap fè.
- 2) REFLECHI epi diskite ak lòt sitwayen pou wè kisa ki nan enterè tout sitwayen yo.
- 3) AJI, ansanm ak lòt sitwayen, pou mete refleksyon pa li yo nan aksyon anndan enstitisyon leta yo.

Yon ansyen majistra lakou siprèm Meriken, Mèt Felix Frankfurter te di « *Pi gwo travay nan yon demokrasi, se travay chak grenn sitwayen.* » Ki vle di, menm si ou prezidan, pi gwo travay ou gen pou w fè se pa travay prezidan an, se travay ou kòm sitwayen. Ki vle di tou tout sitwayen gen yon travay pou fè ki pi enpòtan pase travay prezidan an.

Pou moun ki ka pa fin sezi pawòl sa, n ap bay yon ti egzanzp. Imajine: si tout fonksyonè leta yo, soti prezidan rive nan tout Asèk yo, te fè travay pa yo trè byen, men, kat (4) milyon sitwayen yo te lage responsablite pa yo. Sitwayen yo pa vote nan eleksyon, yo pa peye taks, yo pa sevi kòm manm jire nan jijman, yo pa reflechi pou peyi a e pote dizon pa yo nan zafè leta yo. Leta a pa ka mache.

Konsa nou ka wè ak lè kijan demokrasi pa chita sou prezidan oubyen majistra. Li chita sou do chak grenn sitwayen.

TRAVAY YON SITWAYEN PA GEN LÈ.

Se pa sèlman pandan eleksyon oubyen lè nou wè ak Kasèk epi Asèk, se yon travay tout tan, toulejou. Jan Touden Louvèti te di, yon sitwayen nan demokrasi gen plis travay pase yon esklav.

Si n ap pale de yon devlopman ak moun, pou moun, yon jan pou kwape lamizè, kote tout moun jwenn menm chans lan, kote demokrasi chita tout bon vre, sa dwe zafè ki gade tout moun alawonnbadè.

Politik ki pou mennen nan zafè sa a dwe chita nan respè youn pou lòt, kote chak moun ka fè chwa yo, pran responsablite sitwayen yo.

Kisa nou kenbe sou Travay yon sitwayen?

- 1) Ki travay yon sitwayen genyen nan demokrasi?
- 2) Eske ou dakò travay yon sitwayen pi enpòtan pase travay yon prezidan? Poukisa?
- 3) Kisa Touden Louvèti te vle di lè li di libète pote plis obligasyon pase lesklavaj?
- 4) Kòman nou menm nou kapab asire nou tout moun jwenn menm chans nan sistèm demokrasi?



POUVWA DEMOKRATIK (Atik 133-172 yo)

M
O
D
I
L
•
5



OBJEKTIF

PWEN 1- DEMOKRASI DIRÈK AK ENDIRÈK

PWEN 2 -TWA POUVWA YO FÈ YON EKIP DJANM

1- Demokrasi dirèk ak endirèk

Pa gen yon sèl resèt pou demokrasi a. Gen plizyè fason pou fè l. De pi gwo fason, se demokrasi dirèk ak endirèk.

DEMOKRASI DIRÈK,

se lè tout sitwayen konsyan yo reyini pou vote sou kesyon ki konsène yo. Yon egzanp se lè tout moun te vote pou aksepte konstitisyon an an mas 1987.

Men, rele moun pou vote a chak fwa yo bezwen pran yon desizyon se yon tijan lou. Se tankou nou ta gen 4 milyon senatè ak depite. Epi tou, sitwayen yo pa ta gen tan regle lòt zafè pa yo. Poutèt sa, moun ki t ap viv nan peyi Lagrès te rive jwenn yon demokrasi ki pi efikas, se demokrasi endirèk, yo di tou demokrasi reprezantatif.

NAN DEMOKRASI ENDIRÈK,

sitwayen yo al nan eleksyon pou chwazi moun ki pral raprezante yo, ki pral pran desizyon na non yo sou zafè leta yo.

Sitwayen yo chwazi reprezantan pa yo nan eleksyon ki vle di tout pouvwa yon gouvènman genyen, se sitwayen yo ki prete li pou yon tan byen fiks. Kidonk, yon gouvènman ki eli gen yon manda pou l aji nan enterè tout popilasyon an daprè konstitisyon an.

Kisa nou kenbe sou demokrasi dirèk ak demokrasi endirèk?



- 1) Daprè ou menm, ki avantaj demokrasi dirèk gen sou demokrasi endirèk?
- 2) Poukisa yo konn rele demokrasi endirèk, demokrasi reprezantatif?
- 3) Ki avantaj demokrasi reprezantatif genyen sou demokrasi dirèk?
- 4) Kòman nou ka di nan demokrasi pouvwa soti nan men sitwayen yo?

2- Twa pouvwa yo fè yon sèl ekip djanm

Pouvwa Demokratik la se yon tablye ki gen twa pye sa yo :

- POUVWA LEJISLATIF
- POUVWA EKZEKITIF
- POUVWA JIDISYE

Men travay 3 pouvwa yo:

- POUVWA LEJISLATIF la pou fè lwa yo.
- POUVWA EGZEKITIF la pou aplike lwa pouvwa lejislatif la fè.
- POUVWA JIDISYÈ la pou regle tout kont dapre lalwa.

Nan yon ekip foutbòl nou jwenn gadyen an, plis defansè yo, plis atakan yo. Tout moun fè pati menm ekip la epi youn pa pi enpòtan pase lòt. Menm jan an, chak pouvwa sa yo se granmoun tèt li. Chak pouvwa egal ego ak de lòt yo. Chak pouvwa endepandan de tout lòt yo. Egzekitif pa pi enpòtan pase jidisyè. Lejislatif pa pi enpòtan pase egzekitif, elatriye.

Nan ekip foutbol, la gadyen ak defans ak atak pa gen menm travay. Men pou genyen match la, yo dwe jwe ansanm. Si gadyen an eseye fè gòal, ekip la pral tonbe nan pwoblèm. Si atakan yo rete nan kan payo olye yo atake, ekip la pa ka genyen. Menm jan tou, yon gouvènman pral pèdi si pouvwa egzekitif la eseye fè travay pouvwa jidisyè la, elatriye.

CHAK PEN GEN FWOMAJ LI. CHAK POUVWA GEN KONPETANS PALITOU.

Si yon pouvwa eseye domine lòt, tout sitwayen pral pedi match la.


Kisa nou kenbe sou Twa pouvwa yo?



- 1) Bay twa pouvwa yo ak travay pa yo.
- 2) Ki pouvwa ki pi enpòtan pase tout lòt yo?
- 3) Bay yon egzanp sou kisa ki kapab rive si yon pouvwa ap foure bouch li nan travay ki regade lòt yo?

POUVWA LEJISLATIF

(Atik 89-132 yo)



M O D I L • 6

OBJEKTIF

PWEN 1- POUVWA LEJISLATIF FÈ LWA PEYI A

PWEN 2 - CHANM DEPITE

PWEN 3 - CHANM SENATÈ

PWEN 4 - ASANBLE NASYONAL SE REYINON FANMI LEJISLATIF LA

PWEN 5 - KOMAN PALMAN SIPOZE FÈ TRAVAY LI (ATIK 104-130)

**PWEN 6 - KONTWÒL AK KONPWOMI, SE DE ENGREDYAN YON BON SOUP
LEJISLATIF.**

1- Pouvwa lejislatif la pou fè lwa peyi a

Mo «lejislatif» ak «lejislati» sòti nan mo laten "lejis", ki vle di "lalwa."

PREMYE TRAVAY POUVWA LEJISLATIF SE FÈ LWA. Lwa sa yo sipose fè popilasyon ak teritwa mache ansanm nan chemen pwogrè.

Pa egzanp, si nou wè nou ta bezwen yon lwa ki di touye moun entedi nan kat kwen peyi a, se palman an sèlman ki gen otorite fè lwa sa a.

Nou gen dwa gen ti règ lokal lakomin lan aplike nan pwòp zòn pa l. Men, sèl enstitisyon ki ka fè règ pou tout popilasyon an sou tout teritwa a, se pouvwa lejislatif la.

Konstitisyon an di pouvwa lejislatif la gen 2 branch :

- CHANM DEPITE AN, AK
- CHANM SENATÈ LA.

DEFINISYON :

CHANM DEPITE + CHANM SENATÈ = PALMAN AN



Lè nou mete chanm depite ak chanm senatè ansanm, nou vin genyen sa yo rele palman an. Moun ki manm palman, nou rele yo **palmantè**.

Se nan Palè lejislatif la, ki chita sou bisantnè nan pòtoprens, ke palmantè yo reyini pou fè lwa yo.

Konstitisyon an di de (2) chanm sa yo **reprizantatif**. Sèl mwayen pou vin manm lachanm depite oubyen sena a, se pase nan eleksyon jeneral kote sitwayen yo pral chwazi kilès ki pral reprezante yo nan pouvwa lejislatif la.

Palmantè yo pa la pou bay zanmi yo djòb. Yo pa la pou fè chèlbè. Nou menm sitwayen yo, nou vote yon palmantè pou li ka je nou, pou li ka bouch nou nan palman an. Tout sa palmantè a fè nan kad travay li sipoze mache ansanm ak enterè zòn pa li, ak enterè popilasyon an.

YON DEPITE KI CHITA NAN CHANM DEPITE A SE REPRIZANTAN TOUT MOUN NAN ZÒN LI YO. KONSA, LI PA DWE KITE ENTERÈ PESONÈL PA LI OSNON INTERÈ PATI POLITIK LI PASE DEVAN ENTERÈ ZÒN PA LI OUBYEN ENTERÈ PEYIA.

Kisa nou kenbe sou pouvwa lejislatif la?



- 1) Kisa pouvwa lejislatif la fè ? Nan ki bi li sipoze fè l ?
- 2) Pouvwa lejislatif la gen de pati. Kisa yo ye ?
- 3) Kijan yo rele lachanm depite ak lachanm senatè ansanm?
- 4) Poukisa li enpòtan pou gouvènman an gen yon gwoup moun ki la pou fè lwa ?
- 5) Poukisa li enpòtan pou sitwayen yo al nan eleksyon pou yo chwazi moun pou fè lwa pou yo ?
- 6) Ki lwa palmanm pako trete ou ta renmen wè l trete ?

2- Chanm depite (Atik 89-93 yo)

Nan chanm depite chak depite reprezante tout moun ki viv nan yon zòn ke yo rele yon **sikonskripsyon**. Yon sikonskripsyon, se yon kote ki gen yon konsèy kominal. Nan gran vil ki gen anpil moun tankou Pòtoprens ak Okap, se palman ki pou deside konbyen sikonskripsyon kap genyen. Men, paka gen plis pase twa (3) sikonskripsyon pou yon vil.

Jodiya nan lane 2004, peyi Dayiti genyen 83 sikonskripsyon ki vle di gen plas pou 83 depite nan chanm nan. Pa bliye sa ka chanje si palman deside chanje l.

Se pa nenpòt ki moun ki ka depite. Konstitisyon mete kèk kondisyon yon sitwayen dwe ranpli anvan li ka poze kandidati li pou l vin depite (Atik 91) :

- 1) Etranje pa ladann = Fòk li ayisyen natif natal. Epi fòk li pa te janm pran yon lòt nasyonalite.
- 2) Timoun pa ladann = Fòk li deja gen 25 lane.
- 3) Kriminèl pa ladann.= Fòk li gen tout dwa sivil li ak dwa politik li. Epi fòk okenn tribinal pa janm ba li yon pinisyon grav.
- 4) Fèk rive yo pa ladann.= Fòk li rete pou pi piti 2 lane, youn dèyè lòt, anvan eleksyon an, nan zòn kote li vle depite a.
- 5) Fo abitan pa ladann = Fòk li gen pou pi piti yon kay nan zòn la, oubyen fòk li travay nan zòn la.
- 6) Magouyè pa ladann = Fòk li gen papyè ofisyèl li, kòm kwa li an règ ak leta.

Chak depite eli pou yon 4 an (Atik 92). Lwa « 50% + 1 » vle di nan yon eleksyon fòk pou pi piti depite ki eli a genyen 50% vòt nan sikonskripsyon an plis yon lot vòt ankò. Osinon premye ak dezyèm kandida yo la pou yon dezyèm tou. Yon depite toujou gen dwa double.

Chak ane, **chanm depite gen 2 sesyon travay** kote tout depite yo ap chita nan palè lejislatif pou travay ansanm. Chak sesyon yo dire 4 mwa :

- **PREMYE SESYONAN SÒT MITAN MWA JANVYE RIVE MITAN MWA ME.**
- **DEZYÈM SESYON AN SÒT MITAN MWA JEN RIVE MITAN MWA SEPTANM.**

DEZYÈM TRAVAY CHANM DEPITE SE KONTWOLE TRAVAY PREZIDAN AK MINIS YO. (ATIK 93)

An wetan travay fè lwa, chanm depite ka jwe wòl yon tribinal pou jije prezidan an ak minis yo. Depi sou chak twa (3) depite gen de (2) ki dakò pou fè chanm nan vin tribinal jistis, chanm depite gen dwa akize prezidan an ak minis yo epi mande yo ekplikasyon sou sa y ap fè.

Ki vle di, si anpil depite yo sipoze prezidan an dezòd, yo ka rele prezidan an pou yon chita pale. Si depite yo konstate prezidan an te dezòd vre, yo ka fè lachamn depite tounen yon tribinal pou jije prezidan an.

Kisa nou kenbe sou Chanm depite a?



- 1) Kijan depite yo jwenn otorite pou fè travay pa yo a ?
- 2) Kisa ki yon sikonskripsyon ?
- 3) Dapre ou menm, èske moun ki pako gen 25 lane ta dwe depite ?
- 4) Dapre ou menm èske li bon pou yon moun ret nan yon zòn oubyen travay ladann li anvan li ka vin depite pou zòn sa ?
- 5) Ki pousantaj vòt yon kandida dwe genyen anvan yo ka rele l depite ?

- 6) Èske ou dakò depite yo gen dwa double? Poukisa? Oubyen pouki pa?
- 7) Ki dezyèm travay enpòtan chanm depite an genyen?
- 8) Nan ki sityasyon ou ta renmen wè chanm depite an rele prezidan pou jijje l'?
- 9) Èske paske yon depite bay nou yon ti djòb se bon li bon pou sa?
- 10) Ki relasyon ou ta renmen wè ant nou menm nan zòn pa nou an ak depite nou? Kisa nou ka fè pou chèche relasyon sa ?

3- Chanm senatè (Atik 94-97)

Chanm senatè, se patnè chanm depite nan travay fè lwa pou peyi a.

- Senatè yo sòti nan eleksyon menm jan ak depite yo.
- Menm jan ak depite yo tou, pou yon moun eli kòm Senatè fòk li gen 50% + 1 vòt nan Depatman an, sinon li la pou dezyèm tou ansanm ak dezyèm kandida a.



Me gen kèk ti diferans ant depite ak senatè yo.

Konstitisyon an bay twa (3) senatè pou chak departman. Pliske gen 9 departman, nou dwe genyen 27 Senatè.

Chak senatè eli pou siz (6) zan. Yo toujou gen dwa double. Chanm senatè pa dwe janm kanpe nan travay li (Atik 95-1). Se tout lane l'ap travay. Men tout moun bezwen yon ti repo kanmenm. Kidonk konstitisyon an di chanm senatè ka pran ti poz sèlman pandan lè chanm depite ap pran ti poz pa li. Chanm senatè pa gen dwa lage lè chanm depite a ap travay.

Kondisyon yon sitwayen dwe ranpli avann li vin senatè. (Atik 96)

Kondisyon pou yon moun vin senatè se prèske menm kondisyon pou vin depite. Timoun pa ladann. Kriminèl pa ladann, elatriye. Sèl bagay, yon senatè dwe genyen trant (30) lane e li bezwen rete nan departman an pou pi piti kat (4) lane anvan eleksyon an.

Ki vle di konstitisyon an ap chèche pou vin senatè, moun ki gen plis laj ak plis rasin pase depite yo. Senatè yo pi lwen popilasyon an tou, yon jan pou yo ka gen plis tan pou reflechi nan lapè pou peyi a.

Senatè yo gen lòt tach an wètan travay fè lwa, menm jan ak depite yo. **Atik 97 bay lòt travay chanm senatè la ki se:**

- **Fè pwopozisyon yon lis jij bay prezidan an.** Chanm senatè sipoze bay prezidan an yon lis moun ki kapab chita nan kou kasasyon an. Prezidan an gen pou l chwazi pami moun nan lis sa a.
- **Tounen yon gwo tribinal jistis.** Menm jan chanm depite a ka tounen yon tribinal, chanm senatè gen dwa jije moun tou.

Kisa nou kenbe sou chanm senatè?



- 1) Kisa chanm senatè a fè?
- 2) Ki diferans ki genyen ant kondisyon pou vin depite ak kondisyon pou vin senatè ?
- 3) Ki difèrans ki genyen ant yon senatè ak yon depite ?
- 4) Kòman yo te konn fè eleksyon Senatè ak Depite nan lane 1946 ak 1950? Si ou pa konnen, chèche yon gran moun pou mande.
- 5) Dapre ou menm, ki sistèm eleksyon ki pi bon, sa nou te fè nan 1946 la ou byen sa nou gen jodiya ? Poukisa ?

4- Asanble nasyonal se reyinon fanmi lejislatif la (atik 98-100)

Asanble nasyonal la, se lè chanm depite ak chanm senatè yo vin chita ansanm.

Men kèk responsabilite asanble nasyonal la genyen:

- 1) Prezidan ap leve lamèn pou l prete sèman devan asanble nasyonal la.
- 2) Deklare lagè.
- 3) Siyen akò ak lòt peyi.
- 4) Fè chanjman nan konstitisyon jan konstitisyon an prevwa sa.
- 5) Bay konkou li pou fòme konsèy elektoral dapre atik 192 konstitisyon an.
- 6) Tande rapò premye minis la dwe bay sou tout sa gouvènman li an fè.

Reyinyon asanble nasyonal la sipoze fèt tout pòt louvri pou gran piblik la ka asiste. Men, si senk (5) manm asanble a mande pou yo fèmen reyinyon an epi majorite manm di yo dakò, asanble a ap reyini pòt fèmen. (Atik 100)

Kisa nou kenbe sou Asanble nasyonal la ?

- 1) Kisa asanble nasyonal la ye?
- 2) Bay twa (3) responsablite asanble nasyonal la genyen.
- 3) Ki responsablite ki pi enpòtan dapre ou menm?
- 4) Poukisa sesyon asanble nasyonal la dwe louvri pou gran piblik la ?
- 5) Kilè li ta bon pou travay asanble nasyonal la fèt dèyè pòt fèmen jan atik 100 an prevwa l la?



5- Koman palman sipoze fè travay li

Palman dwe pare kabann li avan l domi.

Ekri ak vote lwa pou fè tout pitit yon nasyon vanse se pa ti zafè. Pito se yon gwo responsabilite ki mande anpil konsiltasyon, refleksyon ak deba. Men kat eleman klè ki bay pi gwo garanti ke lwa palman vote pral nan entere tout pitit nasyon an.

1) CHITA PALE AK ELÈKTÈ YO

Chak palmantè se reprezantan tout moun nan zòn li a. Menm si tout moun nan zòn li a pa te vote pou li, li reprezante yo kanmenm. Reprezante vwazen li yo kòmsadwa, mande pou palmantè yo tande opinyon moun yo sou pwoblèm yo ak sou divès zafè leta. Yon bon palmantè toujou prezan nan zòn li a pou l kenbe kontak ak moun li dwe reprezante.

Elektè yo tou dwe envite palmantè nan bouk pa yo pou vin ba yo eksplikasyon sou sa k deja regle, sa k ap regle ak kisa palematè dwe fè pou ranpli manda li kòm sadwa.

Yon palmantè sipoze reprezante enterè moun nan zòn li yo. Men, sa pa vle di l ap toujou swiv volonte elektè yo nan vòt li. Yon palmantè sipoze yon lidè k ap menen an menm tan li ap swiv volonte elektè yo. Defwa, palmantè a gen dwa pran pozisyon elektè yo pa renmen. Men, palmantè la ta dwe kwè pozisyon li pran an, se vrèman nan enterè popilasyon an. Li dwe tou bay popilasyon an bon jan ekplikasyon pou tout vòt li fè.



2) RANKONTRE AK SEKTÈ NAN SOSYETE CIVIL LA

Palmantè yo fèt pou òganize kèk chita tande ak plizyè sektè nan sosyete a, yon fason pou yo ka genyen plis enfòmasyon sou chak projè lwa dekwa pou tout lwa ka al nan sans popilasyon an.

Pa egzanp, yon palmantè ki sòti nan Plato Santral ka gen pou vòte yon lwa ki regle zafè lapèch. Elektè li yo nan plato a pa konnen anyen nan zafè lapèch paske yo pa viv bò lanmè. Pou pran yon bon desizyon sou lwa lapèch la, palmantè ka chita pale ak plizyè asosyasyon pechè pou tande opinyon pa yo. Li ka chita pale tou ak lòt moun lwa sa a konsène tankou machann pwason yo. Konsa, li ka gen pi bon lide sou kòman lwa sou zafè lapèch pral ajì sou tout moun.

3) KOMITE AK KOMISYON PALMANTÈ

Si chak palmantè ta eseye gen tout enfòmasyon sou tout zafè leta tèt yo ta vire won. Poutèt sa, palman an divize travay li fòme komisyon pèmanan yo. Anpil fwa, komisyon sa yo fèt dapre ministè nan gouvènman yo. Pa egzanp, si gen yon

ministè finans, ni chanm depite ni chanm senatè pral genyen yon komisyon finans pou diskite sou tout zafè kòb leta yo. Si gen yon ministè agrikilti, chak chanm pral genyen yon komisyon agrikilti. Konpran byen: minis yo pa gen okenn kontwòl sou komite sa yo. Komite yo granmoun tèt yo, yo pa depann de okenn lòt pouvwa. Palmantè yo ki nan chak komisyon sipoze pren bon jan enfòmasyon sou tout zafè komisyon pa yo trete. Palmantè ki se manm komisyon edikasyon sipoze etidye tout kesyon edikasyon byen.

Konstitisyon kreye yon **komisyon miks** ki melanje kèk depite ak kèk senatè ansanm nan menm gwoup. Komisyon sa a la pou rezoud chirepit ki ka genyen ant chanm depite ak sena a nan moman y ap vote lwa sou bidjè a.

SÒTI NAN PWÒJÈ LWA POU RIVE NAN LWA TOUT BON.

Yon **projè lwa**, se yon pwopozisyon lwa palman an gen pou vote. Yon projè lwa ka sòti nan chanm depite, nan chanm senatè, nan men egzekitif la tou. Men, se pouvwa egzekitif la sèlman ki gen dwa prezante pwojè lwa ki konsène kòb leta tankou bidjè, taks, ladwàn, elatriye.

Men sank (5) etap yon lwa :

- 1) FÈ RECHÈCH AK EKRI: Anpil fwa se komisyon an ki fè rechèch pou ekri projè lwa a. Pa egzanp komisyon agrikilti ka sòti yon pwojè lwa sou refòm agrè .
- 2) DEBA : Apre projè lwa sa a fin ekri, komisyon an ap prezante l devan tout chanm nan pou yon deba.
- 3) VÒT : Apre deba fin fèt, chanm nan ka vote sou projè lwa sa a.
- 4) SIYEN : Pou yon pwojè lwa pase, fòk se toulède chanm yo vòte l epi prezidan repiblik la siyen li.
- 5) PIBLIYE : Apre prezidan fin siyen l, jounal ofisyèl leta a, ki rele « Le Moniteur, » pibliye lwa a pou tout moun ka wè l. Yon lwa pa kapab itilize toutatan li pa pibliye nan Le Moniteur.

Kisa nou kenbe sou travay palman an ?



- 1) Èske nou sonje ki wòl yon palman genyen?
- 2) Ki wòl yon palmantè genyen ?
- 3) Poukisa yon bon palmantè toujou kenbe kontak ak elektè li yo ?
- 4) Si nou pa wè palmantè pa nou yo fasil, kisa nou ka fè ?
- 5) Poukisa yon palmantè ta dwe tcheke ak òganizasyon nan sosyete sivil la ?
- 6) Poukisa de chanm yo gen ti komisyon yo? Ki wòl ti komisyon sa yo ?
- 7) Bay senk (5) etap yon lwa.
- 8) Pou yon projè lwa vin yon lwa tout bon vre fòk ni chanm depite, ni chanm senatè, ni prezidan repiblik la fin dakò sou li epi pibliye l nan journal Le moniteur a. Dapre ou menm, poukisa yo fè l difisil konsa pou pase yon lwa ?

6- Kontwòl ak konpwomi, se de engredyan yon bon soup lejislatif.

1) Kontwòl:

Jan nou te wè nan pwèn #2 nan chapit sa a, an wètan travay fè lwa, dezyèm travay palman an se veye sou pouvwa egzekitif la. Pou fè travay sa a byen konstitisyon bay tou lède chanm yo dwa pou poze tout minis yo kesyon sou travay y ap fè , depi pou pi piti senk (5) palmantè mande l (atik 129-2, 129-3). Poze minis yo kesyon rele **entepèlasyon**.

Toulède chanm yo ka entepèle chak gren minis sou mankman ki genyen nan jan yo jere zafè ministè pa yo a, epi tou yo ka entepèle premye minis la tou sou politik jeneral gouvènman li a oswa kijan l ap jere zafè peyi a. Entèpelasyon, se yon zouti politik kòrèk palmantè yo ka itilize pou montre s ak pa bon nan politik gouvènman an oubyen mankman ki genyen nan kalite jesyon yon minis. Si palmantè yo itilize pratik sa a byen, li kapab yon bon mwayen pou fè limyè sou travay egzekitif la.

Entèpelasyon ka mennen demisyon

Si palmantè yo pa satisfè ak repons premye minis la, palman ka pase nan yon vòt blam (atik 129-3). Si majorite nan chanm lan blame premye minis la, fòk premye minis lan remèt prezidan an demisyon li ak demisyon tout kabine li (atik 129-4)

Mwen p ap kite anyen pou ou..!

M ap fèw kite frekan...
Ou renmen pran tout pou ou twòp



2) Konpwomi:

Se pa tout moun ki gen menm enterè. An nou pran yon egzansp dlo ki soti nan yon rivyè plato santral la. Yon peyizan ki ret toupre rivyè an ka bezwen dlo sa pou wouze jaden li. Yon fanmi ki viv Mirebalè ka bezwen menm dlo rivyè sa a pou l bwè ak benyen. Yon bòs soude ki viv Pòtoprens kap bezwen menm dlo rivyè sa a pou fè yon baraj mache pou bay atelye li kouran.

Fòk nou aprann fè konpwomi... Si yon pa kite pou lòt, tout moun ap pèdi.

Lè palman gen pou fè lwa sou kijan pou jere dlo a, enterè difèran moun sa yo pral antre an konfli. Si moun Mirbale yo, ansanm ak palmantè pa yo, refize negosye epi bloke tout bagay jiskaske yo jwenn tout dlo rivyè a pou pwòp bezwen pa yo, peyizan an kap fin pèdi jaden li akòz li manke dlo ak konsekans pou pwodiksyon nan zòn pa li a bese. Epi tou, atelye a ka fèmen akòz li manke kouran. Konsa kèk moun ka pèdi travay yo.

Nan yon ka konsa, se youn sèl sektè ki jwenn alòske de (2) lòt yo pèdi. Sa ki vle di yon lwa konsa sou jesyon dlo a pa nan enterè tout popilasyon an.

Travay palman an, se yon travay konpwomi ant dives enterè divès sektè pou rive fè lwa nan enterè tout popilasyon an. Negosyasyon ak konpwomi fè yon sèl gwoup pa jwenn tout sa li vle lè tout lòt moun pèdi . Men, negosyasyon ak konpwomi se pi bon mwayen ki pèmèt tout moun jwenn sa yo bezwentout bon vre. Nan ka dlo n ap pale la a, yon bon lwa ta pèmèt peyizan an wouze twa ka (3/4) nan jaden li. Fanmi Mirbalè yo ta oblije ekonomize dlo men, yo ta jwenn anpil pou yo bwè. Epi bòs Potoprens la, pa ta jwenn kouran 24 sou 24, men atelye yo ta ka mache kèk lè chak jou. **Yon bon lwa ta fè tout moun fè konpwomi ak sakrifis pou pesòn pa souffri epi pou tout moun ka kontinye aktivite yo.**

Ki vle di, yon palmantè pa la pou l bloke peyi a si li pa jwenn tout sa li vle. Okontrè, li dwe fè konpwomi nan benefis tout popilasyon peyi a.

Nan tout demokrasi, lwa ki vote yo, se toujou rezilta konpwomi ak koperasyon ant divès manm yo nan palman an, ak divès enterè nan popilasyon an.

Kisa nou kenbe sou Kontwòl ak konpwomi nan palman an ?

- 1) Kisa ki entepèlasyon? Kilès ki gen dwa fè li?
- 2) Poukisa palmantè yo ta poze yon minis kesyon?
- 3) Si yon chanm pa kontan ak repons entèpelasyon an, ki rezilta sa ka genyen ?



- 4) Poukisa travay palman an se yon travay konpwomi?
- 5) Chèche bay yon lòt egzanp nan zòn pa nou an kote tout moun bezwen fè sakrifis pou byennèt kominote a.

**M
O
D
I
L
•
7**

POUVWA EGZEKITIF **(Atik 133-172 yo)**



OBJEKTIF

PWEN 1 - POUVWA EGZEKITIF GEN DE PATI, DE TRAVAY

PWEN 2 - PREZIDAN AK PREMYE MINIS PA MENM BAGAY

1- De pati, de travay pouvwa egzekitif

Ekselans, plan gouvènman an pare, tout minis yo fin siyen li...San ap fè kounye a?

Byen...N ap voye plan gouvènman sa a bay palman an pou yo apwouve l.



Pouvwa egzekitif la gen de travay:

Mo "egzekitif" la soti nan mo sa, "**egzekite**," ki vle di "aplike".

- 1) **Aplike konsitasyon ak lòt lwa yo.**
- 2) **Aplike « plan gouvènman » pa li an** depi palman an fin dakò sou li.

Pouvwa egzekitif la gen de pati :

- 1) **Prezidan** Repiblik la ki se chèf leta a.
- 2) **Gouvènman** an ki se Premye Minis (chèf gouvènman an) ak tout Minis yo.

2- PREZIDAN AK PREMYES MINIS PA MENM BAGAY

KIJAN PREZIDAN AN RIVE SOU POUVWA (Atik 134)

Se tout sitwayen yo ki gen dwa chwazi prezidan an nan eleksyon. Manda Prezidan an se pou senk (5) an, pa plis ni mwens. Prezidan an pa janm gen dwa double manda l touswit, e li pa gen dwa pran yon twazyèm manda.

WÒL PREZIDAN AN

1. Prezidan an veye pou konstitisyon an respekte epi li kontwòle si tout sèvis leta ak administrasyon piblik ap mache korèk. (Atik 136)
2. Prezidan an chwazi Premye Minis la, men fòk palman vote chwa sa a. (Atik 137)
3. Prezidan an chwazi moun nan tèt administrasyon piblik yo, tankou chèf lapolis, anbasadè yo, dirèktè jeneral yo, elatriye. (Atik 141, 142)
4. Prezidan an pwoteje teritwa ak endepandans peyi a. (Atik 138)
5. Prezidan an veye pou tout desizyon lajistis respekte kòm sadwa. (Atik 145)

KIJAN PREMYES MINIS RIVE SOU POUVWA

Jan nou te sot li, atik 137 di Prezidan an chwazi Premye Minis la, men fòk palman vote chwa sa a.

WÒL PREMYES MINIS LA

- 1) Premye Minis la chwazi minis yo nan kabine pa l, epi li parèt devan palman an pou mande asanble nasyonal aprouve politik li a. (Atik 158)
- 2) Premye Minis la aplike lalwa. (Atik 159)
- 3) Premye Minis la nonmen ak revoke anplwaye leta yo. (Atik 160)

- 4) Preme Minis la gen dwa al nan palman pou pale sou yon pwojè lwa Prezidan an prezante. (Atik 161)

Kisa nou kenbe sou Pouvwa egzekitif la ?



- 1) Kisa pouvwa egzekitif la fè ?
- 2) Èske popilasyon an ka vòte yon moun prezidan twa fwa?
- 3) Kisa ki premye travay yon prezidan?
- 4) Bay yon lòt travay prezidan bezwen fè.
- 5) Kòman yon moun vin premye minis ?
- 6) Kisa premye minis la gen dwa fè prezidan an li menm pa gen dwa fè?

**M
O
D
I
L
•
8**

POUVWA JIDISYÈ **(Atik 173-184 yo)**



OBJEKTIF

PWEN 1 - TRAVAY POUVWA JIDISYÈ

PWEN 2 - PLIZYÈ KALITE TRIBINAL JIDISYÈ

PWEN 3 - PLIZYÈ KALITE MOUN NAN JIDISYÈ

1- DE TRAVAY POUVWA JIDISYÈ

Pouvwa jidisyè la gen de gwo travay :

- 1) Jije konfli selon lalwa.
- 2) Asire si de lòt pouvwa yo swiv konstisyon an ak lalwa.

Nenpòt lè gen demoun nan yon kote, ka gen konfli. Lè gen konfli, fòk gen yon moun endepandan pou jere ak jije konfli yo selon lalwa ki ekri. Si se pa sa, se lalwa « moun ki pi fò » k ap aplike epi anpil san pral koule. Kidonk, pouvwa jidisyè a la pou di kilès ki gen rezon, kilès ki pa gen rezon nan yon konfli.

Lè de pati ki an konfli al devan pouvwa jidisyè a, yo rele sa yon pwochè. Gen de kalite pwochè :

- 1) **PWOCHÈ CIVIL**, se yon pwochè ki konsène depati yo sèlman, tankòu divòs, zafè lwaye kay, yon kòb ki prete ki pa t janm remèt, elatriye.
- 2) **PWOCHÈ PENAL**, se yon pwochè ki konsène tout sosyete a an jeneral, tankòu atak fizik, asasinay, elatriye. Nan pwochè penal yo, youn nan pati ki konsène, se popilasyon an ki gen kòm reprezantan yon komisè gouvènman.

Tout pwochè dwe fèt nan yon tribinal devan yon jij.

Tout pwochè sipoze jije sou sak fèt ak prèv, e pa sou rimè ak zen.



Kisa nou kenbe sou pouvwa jidisyè a?



- 1) Kisa Pouvwa Jidisyè a ye? Ki wòl li genyen ?
- 2) Kisa ki ka fèt si palman an pase yon lwa ki di fanm yo pa ka vote ankò ?
- 3) Si yon moun touye frè l ou èske w gen dwa touye moun sa a?

2- KAT (4) TRIBINAL JIDISYÈ YO

Men kat (4) kalite tribinal :

- 1) Tribinal Depè
- 2) Tribinal Sivil (Tribinal Premye Enstans)
- 3) Kou Dapèl (Tribinal Dezyèm Enstans)
- 4) Kou Kasasyon (Tribinal Dènye Enstans)

A) Tribinal depè (nan nivo komin nan) :

- 1) Resevwa rapò, denonsyasyon, plent, epi tire pwosè vèbal.
- 2) Fè « konsta kote sa pase » lè gen gwo vòl oubyen lè yon moun mouri.
- 3) Bay jijman sou ti ka penal tankou: ti vòl, menas, lè yon moun anpeche sikilasyon fèt nan lari a, elatriye.
- 4) Tande tout afè sou ti ka penal yo lè domaj la pa depase 25.000 goud.

- 5) Sèvi entèmedyè nan pi gwo ka sivil yo.
- 6) Voye dosye bay komisè gouvènman an nan ka gwo deli.

B) Tribinal Sivil (nan nivo awondisman an):

- 1) Rejije yon pwosè tribinal depè, lè yon pati pa satisfè ak jijman jij depè te bay.
- 2) Jije gwo zafè sivil tankòu divòs, pwòse tè, prete gwo lajan elatriye.
- 3) Jije gwo zafè penal tankòu gwo vòl, difamasyon, ak pote zam lalwa pa pèmet.
- 4) Tout pwosè ki konsène akizasyon ki pi grav tankòu: konplo kont leta, vòlè byen leta, asasinay, elatriye, sipoze fèt devan yon jiri ki gen douz (12) moun. Jiri a la pou tandè ka a epi pou deside si akize a koupab ou non.

C) Kou Dapèl (nan nivo depatman an):

Kou Dapèl la pou fè jijman yon pwosè ki te fèt deja nan tribinal premyè enstans. Pou yon jijman ale nan Koudapèl, fòk se pati ki santi li pa satisfè ak jijman Tribinal Sivil la ki pou mande sa. Nan koudapèl pa gen jiri, se jij sèlman ki deside ka yo.

D) Kou Kasasyon (sou tout teritwa) se dènye mo sou tout zafè jidisyè nan peyi a. Li la pou :

- 1) Chèche gwo pwoblèm nan fòm jijman ki sòti nan koudapèl la. Se pati ki santi li pa satisfè ak jijman tribinal la ki pou pote dosye a bay koudapèl la. Si kou kasasyon rekonèt gen erè vre, l ap kraze jijman an, li voye pati yo retounen nan menm tribinal yo te sòti a.
- 2) Veye si lwa ki sòti nan palman an pa depaman ak sa konstitisyon an di.

Kisa nou kenbe sou tribinal yo? ?



- 1) Ki wòl yon tribinal depè?
- 2) Ki wòl yon tribinal sivil?
- 3) Kilè nan jijman yon akize sipoze gen yon jiri ?
- 4) Dapre ou menm, ki avantaj yon jiri genyen sou yon jij ?
- 5) Kisa yon moun ka fè si li pa satisfè ak jijman tribinal depè a ?
- 6) Ki wòl kou kasasyon an genyen?

3- PLIZYÈ KALITE MOUN NAN JIDISYÈ

Nan pouvwa jidisyè a gen plizyè travay pou fè. Konsa gen plizyè pòs. Pou lajistis mache byen fòk tout moun ranpli fonksyon yo kòm sadwa.

Jij (oubyen majistra)

Wòl fondamantal yon jij se:

- 1) Tande de pati nan yon pwosè epi **bay jijman** sou kilès ki gen rezon dapre lalwa, san patipri.
- 2) Jij la **asire l tout pwosè a dewoule komsadwa** sitou nan pwosè kote genyen yon jiri.
- 3) Jij la **fè ankèt** pou yon pwosè penal nan tribinal premyè enstans. Lè sa jij la sèvi kom **jij enstriksyon**.

KOMISÈ GOUVÈNMAN a reprezante leta a kont akize a nan pwosè penal yo devan tribinal. Biwo Komisè Gouvènman a rele Pakè a.

GREFYE an ekri epi sere tout pwosè vèbal, tout kontrandi, tout pwosèdi tribinal yo.

ISYE AN siyen epi pote ale tout papyè ki konsène lajistis. Lè pwosè ap dewoule, isye an okipe zafè mete lòd nan tribinal tankòu fè moun yo antre nan tribinal la, elatriye.

AVOKA a pa fè pati pouvwa jidisyè la, menm si li ka travay ladan l. Avoka la pou ede pati yo prezante zafè a devan jij la. Paske moun ki an kòz yo kap an kòlè, epi yo kap pa konnen lalwa byen ki ka fè yo pa kapab prezante zafè a byen.

Kisa nou kenbe sou Moun ki nan jidisyè a?



- 1) Bay twa travay yon jij.
- 2) Poukisa li enpòtan pou tout moun al sèvi kòm temwen nan yon pwosè?
- 3) Kisa yon moun kapab fè si li pè sèvi kòm temwen pou l bay vèsyon pa l devan lajistis?
- 4) Si nou ofri jij la kòb pou change desisyon l, ki konsekans ka genyen sou sistèm jidisyè a?

GOUVÈNMAN LOKAL **(Atik 61- 87 yo)**



OBJEKTIF

PWEN 1 - TWA DIVIZYON TERITORYAL

PWEN 2 - SEKSYON KOMINAL (atik 62-65 yo)

PWEN 3 - KOMIN LA AK DEPATMAN AN (atik 66-84 yo)

1- DIVIZYON TERITWA A AK POUVWA LOKAL

Nou sonje, wòl yon gouvènman se jere popilasyon ak teritwa pou byennèt touledè. Pou sa fèt pi byen, yon gouvènman divize teritwa la an plizyè moso, epi li kreye post nan chak moso pou okipe travay gouvènman an nan zòn nan. Se popilasyon an ki chwazi moun pou chak post lè yo al vote nan eleksyon yo. Sa pèmèt patisipasyon tout moun nan zafè lakay yo. Se sa nou rele "Pouvwa Lokal". **Gouvenman lokal se pouvwa ki toujou pi pre w!**

Jounen jodi a, teritwa peyi Dayiti divize konsa yo:

- 1) **Seksyon kominal** se ansanm abitasyon ak lokalite yo.
- 2) **Komin** la se ansanm seksyon kominal yo.
- 3) **Depatman** an se ansanm komin yo.

Se twa divizyon sa yo konstitisyon an rele kolektivite teritoryal (atik 61).

Chak kolektivite teritoryal dwe genyen dwa ak mwayen pou yo kapab dirije tèt yo epi pran desizyon ki mache ak bezwen popilasyon yo. Lwa 4 avril 1996 la sou kolektivite teritoryal yo defini wòl chak enstans gouvènman lokal la.

Kisa nou kenbe nan divizyon teritwa al ak pouvwa lokal?



- 1) Dapre ou menm, ki kalite pwoblèm nou ka jere pi byen nan nivo lokal la ?
- 2) Dapre ou menm, ki kalite pwoblèm nou ka jere pi byen nan nivo nasyonal la ?
- 3) Kisa pouvwa lokal la vle di ?
- 4) Ki mòd divizyon teritwa a konsititasyon an rekonèt ?

2- SEKSYON KOMINAL AK GOUVÈNMAN PA LI A

Chak Seksyon Kominal la gen enstans gouvènmantal, Kasèk ak Asèk. Yo endepandan youn ak lòt.

KASÈK

Se ti egzekitif la. Konsèy Administrasyon Seksyon Kominal (Kasek) ki gen twa moun, eli chak 4 an, k ap dirije chak seksyon kominal.

Wòl yon Kasèk, se jere byen ak sèvis gouvènman nan seksyon an pou byennèt tout abitan yo. Nan sans sa a, nou ka di Kasek se “**ti egzekitif**” nan seksyon an.

Dapre atik 19 lalwa 4 avril 1996, KASÈK gen responsablite sa yo :

- 1) Fè plan devlopman seksyon an.
- 2) Prepare rapò jesyon bay Asek ak konsèy minisipal la.
- 3) Prepare bidjè.
- 4) Prepare lis moun ka sèvi sou yon jiri nan seksyon an.
- 5) Resevwa gratis deklarasyon ti moun ki fèt, maryaj, lamò, elatriye nan seksyon nan plas ofisye deta sivil la.

Yon dezyèm travay Kasek se :

- 1) Kenbe seksyon an pwòp.
- 2) Veye je sou jan kay ap bati nan seksyon an.
- 3) Oganize pwoteksyon moun lè gen nenpòt dezas (inondasyon, siklòn etc.).
- 4) Veye si yo arete moun dapre lalwa epi fè rapò sou sa.
- 5) Veye si lalwa a respekte nan seksyon an.

Konsa nou wè Kasek gen yon wòl ki byen defini. Kasek la pa chèf seksyon. Kasek la pa lapolis, li pa ka arete moun. Kasek la pa jij. Li pa ka jije moun. Si moun pa respekte lalwa, Kasek la ka fè yon rapò bay polis ak lajistis. Kasek se yon jesyonè ki la pou prepare ak egzekite plan seksyon ak bidje li.

ASEK, se zye popilasyon ak bra Kasek la.

Chak seksyon gen yon **Asanble Seksyon Kominal (Asek)** ki la pou asire si vwa abitan yo tandè epi pou ede Kasek nan travay developman seksyon an. Asek la eli chak kat (4) an e kantite manm Asek yo depan de kantite popilasyon nan seksyon an.

Atik 11 lalwa 4 avril, 1996 di nou pigwo travay Asek la se :

- 1) Bay dizon li sou plan developman Kasek la prepare.
- 2) Bay dizon li sou bidje Kasek la prepare.
- 3) Bay dizon li sou rapò Kasek la prepare.
- 4) Veye sou forè yo.
- 5) Rele tout reprezantan egzekitif yo nan depatman an pou mande yo enfomasyon.

Asek la la pou ede ak veye Kasek la nan travay developman li.

Kisa nou kenbe sou seksyon kominal la ?

- 1) Poukisa nou ka di Kasek se « ti egzekitif » seksyon an ?
- 2) Bay kèk travay yon Kasek.
- 3) Bay kèk travay yon Asek.



- 4) Si yon manm Kasek tande yon abitan seksyon a te vole yon kabrit, kisa manm Kasek la ka fè?
- 5) Ki mwayen sitwayen yo genyen pou patisipe nan desizyon Kasek ak Asek yo?
- 6) Kijan nou ka ede Asek ak Kasek nou fè travay pa yo pou developman seksyon pa nou an?

3- Komin la ak Depatman an

Komin nan (atik 66-74)

Yon komin, se yon vil ansanm ak seksyon kominal avwazinan yo. Nan lane 2004 gen apeprè 140 komin nan peyi Dayiti.

Chak komin se granmoun lakay li, ni nan koze administrasyon, ni nan koze lajan. Komin la jere pa yon **Konsèy Minisipal** ki gen yon katel twa (3) manm ki jere komin nan. Manm katèl yo soti nan eleksyon e yo gen yon manda kat (4) an. Prezidan konsèy la rele majistra a, de lòt yo, se majistra adjwen. Wòl konsèy minisipal la se sèvi tankou ti egzekitif nan komin la.

Chak komin gen yon **Asanble Minisipal** ki la pou ede Konsèy Kominal la nan travay li. Asek nan chak seksyon yon komin sipoze vote youn nan manm pa yo pou sèvi kòm manm Asanble Kominal la. Konsa, Asanble Minisipal la ap gen yon moun ki sot nan chak seksyon yo, yon fason pou chak seksyon ka pote dizon pa li nan nivo komin nan.

Konsèy Kominal la dwe fè yon rapò chak ane sou travay li fè a epi pote rapò sa bay Asanble Minisipal la.

Depatman (atik 76-84)

Yon depatman, se plizyè komin nan menm zòn la ki regwoupe ansanm. Depatman an se

pi gwo divizyon teritwa peyi a. Nan lane 2004, gen nèf (9) departman nan peyi Dayiti. Chak asanble minisipal nan yon departman chwazi youn nan manm yo pou sèvi sou yon **Asanble Departmantal**. Se Asanble Departmantal la ki chwazi twa moun pou fòme yon **Konsèy Departmantal**.

Wòl Konsèy Departmantal la se:

- 1) Jere departman an.
- 2) Elabore yon plan developman pou departman an ansanm ak administrasyon santral la.

Wòl Asanble Departmantal la se ede Konsèy departmantal la nan travay li. Nan chak departman, pouvwa egzekitif nonmen yon **Delege Departmantal**. Wòl delege an se kontwòle sèvis leta santral yo nan departman an pou yo ka mache byen.

Asanble Entèdepartmantal (atik 87)

Chak asanble departmantal chwazi yon manm pou chita sou yon Asanble Entedepartmental.

Wòl Asanble Departmantal la se :

- 1) Ede prezidan nan travay li fè a.
- 2) Etidye epi planifye tout pwoje developman ak desantralizasyon sou tout teritwa a.
- 3) Asiste konsèy minis yo nan reyinyon epi bay dizon pa l ladann .

Kisa nou kenbe sou Komin nan ak Departman an?



- 1) Kisa ki yon komin?

- 2) Nan yon komin, èske moun k'ap viv nan vil la gen plis dwa pase moun nan seksyon yo?
- 3) Koman Konsèy Minisipal fòme? E ki wòl li genyen?
- 4) Èske majistra se chèf tout Kasek nan komin nan?
- 5) Èske yon majistra gen dwa arete yon moun? Poukisa?
- 6) Koman yon Asanble Minisipal fòme? Ki wòl li?
- 7) Koman yon Asanble Depatmental fòme? Ki wòl li?
- 8) Ki wòl yon delege depatmantal? Kilès ki chwazi l?

ENSTITISYON ENDEPANDAN **(Atik 191-216)**

M O D I L • 10



OBJEKTIF

PWEN 1 - KONSÈY ELEKTORAL PÈMANAN (KEP) (Atik 191-199)

PWEN 2 - KOU SIPERYÈ DÈ KONT (Atik 200-205)

PWEN 3 - BIWO POU PWOTEJE SITWAYEN (OPC) (Atik 207)

Konstitisyon an prevwa senk (5) enstitisyon ki pa depann de twa pouvwa yo. Sa vle di twa pouvwa yo pa gen dwa fòme bouch yo nan travay enstitisyon sa yo.

Senk enstitisyon endepandan sa yo se :

- 1) Konsèy Elektoral Pèmanan (KEP)
- 2) Kou Siperyè de Kont
- 3) Komisyon Konsilyasyon
- 4) Biwo Pwoteksyon Sitwayen (OPC)
- 5) Inivèsite leta (UEH)

1- Konsèy Elektoral Pèmanan (KEP) (atik 191-199)

Wòl KEP se òganize tout bagay ki a revwa ak eleksyon. Kidonk KEP la anchaje kontwòle tout afè eleksyon nan tout peyi a depi enskripsyon elektè yo rive jou pou yo bay rezilta vòt la.

- Se KEP la ki ouvri biwo enskripsyon epi bay kat elektoral yo.
- Se KEP la ki anrejistre tout kandida ki vle al nan eleksyon yo.
- Se KEP la ki enprime ak distribye tout materyèl pou eleksyon yo
- Se KEP la ki ouvri ak jere tout biwo rejyonal ak tout biwo vòt (BV)
- Se KEP la ki kontwòle tout rezilta epi pwoklame yo pou yo piblye nan journal « Le Moniteur ».

KEP la gen nèf (9) manm. Chak Asanble Depatmantal pwopoze 3 kandida pou yon total 27 kandida. Pami 27 kandida sa yo :

- Prezidan an chwazi 3,

- Kou kasasyon chwazi 3,
- Asanble Nasyonal chwazi 3.

Poutan chak depatman dwe gen pou pi piti yon moun nan KEP la.

Tan sèvis manm KEP yo, se nèf (9) lane. Yo fèt pou yo chanje twa (3) nan nef (9) manm KEP la chak twa (3) lane.

Manm KEP yo pa gen dwa double. Epi, depi yo fin chwazi yo, pèsòn pa gen dwa manyen yo, sòf si yo ta fè yon fòt ki grav nan pye travay yo

Toutan yon moun ap sèvi kòm manm KEP, yo pa ka okipe yon lòt pòs leta epi yo pa ka kandida tou. Apre yo kite KEP la, fòk yo ta tann twa (3) lane anvan pou yo ta vin kandida.

Kisa nou kenbe sou KEP la?



- 1) Ki wòl KEP ? Bay kèk egzanp travay li.
- 2) Konbyen moun li genyen?
- 3) Kilès ki prepare lis kandida KEP la?
- 4) Kilès ki chwazi manm KEP yo nan lis la?
- 5) Èske tout manm KEP ka sot potoprens? Poukisa ?

2- Kou siperyè dè kont (atik 200-205)

Kou Siperyè dè Kont ak Kontansye Administratif se gwo gadyen lajan taks nou.

Wòl kou siperyè dè kont ak kontansye administratif se:

- 1) Kontwole si gouvènman jere resèt ak depans leta yo kòm sadwa.
- 2) Kontwole liv kontablite biznis leta ak kiv kontabilite kolektivite teritoyal yo.
- 3) Jije ka ki konsènen leta, administrasyon piblik, anplwaye leta, sèvis leta, elatriye.

Pa egzanp, lè yo akize yon meri pou move jesyon lajan, se Kou Siperyè dè Kont ki fè rechèch nan resèt ak depans meri sa pou wè si akizasyon an gen prèv.

Kou siperyè dè kont gen dwa bay dizon pa l sou :

- nenpòt lwa sou lajan leta palman vle fè.
- nenpòt kontra ki konsène lajan leta a gouvènman vle siyen.

Kèk lòt bagay sou kou siperyè dè kont :

- Kou siperyè dè kont konpoze ak dis (10) moun sena a chwazi.
- Manm kou siperyè dè kont yo sevi pou dis (10) lane san peson pa gen dwa manyen yo.
- Tout desizyon kou siperyè dè kont pran se fini. Okenn lòt tribinal, an wetan kou kasasyon, pa ka revize l.

Kisa nou kenbe sou Kou siperyè dè kont ak kontansye administratif ?



- 1) Ki wòl kou siperyè dè kont ak kontansye administratif ?
- 2) Apa wòl tribinal li genyen, kisa kou sa a ka fè ankò ?

- 3) Èske manm kou siperyè dè kont yo dwe pase nan eleksyon ?
- 4) Dapre ou menm, poukisa konstitisyon mete manm kou siperyè dè kont yo pou tout dis (10) lane sa yo ?

3- Biwo Pou Pwoteje Sitwayen (OPC)

Wòl Biwo Pwoteksyon Sitwayen la se pwoteje tout sitwayen kont tout kalite abi gouvènman ka fè yo. Lè se gouvènman an li menm ki fè yon moun yon abi, yo rele sa yon vyolasyon dwa moun.

Nan sans sa-a, Biwo Pou Pwoteje Sitwayen la gen dwa:

- 1) Resevwa plent nan men sitwayen yo sou yon abi gouvènman fè.
- 2) Mennen ankèt sou plent yo.
- 3) Al nan nenpòt tribinal pou ede, gratis, yon moun ki te pote plent nan biwo OPC la.
- 4) Fè rekòmandasyon ak pwopozisyon pou refòm lalwa oubyen nan administrasyon.
- 5) Fè pran tout lòt mezi pou kwape abi k ap fèt nan biwo leta yo.
- 6) Patisipe nan tout aktivite k'ap mennen nan bi pou respekte ak fè respekte dwa moun.

Pa egzanp, si yon majistra arete yon moun epi mete li nan prizon, sitwayen yo gen dwa rele OPC la pou mete'l okouran. Lè sa, biwo OPC la ka al fè ankèt ak konsta. Biwo OPC la ka mande pou yo libere moun ki nan prizon. Epi tou OPC ka ede yon moun devan tribinal si li vle pote plent kont konsèy kominal la.

Lè Biwo Pou Pwoteje Sitwayen la ap mennen ankèt yo, pa gen moun ki ka jennen l e tout moun oblije ba li tout enfòmasyon. Si l fè rekòmandasyon epi Ministè ki konsène yo pa swiv yo, biwo a ka fè yon rapò bay egzekitif la epi palman an tou.

Pwotektè Sitwayen la se moun ki alatèt biwo sa a. Se Prezidan Repiblik la, nan antant ak Prezidan chanm senatè an ak Prezidan chanm depite la, ki chwazi **Pwotektè Sitwayen** an. Manda Pwotektè Sitwayen la dire set (7) lane, epi li pa gen dwa double.

Adrès Biwo Pou Pwoteje Sitwayen la se : Ri Bwa Patat pwolonje #80

Kanape Vè, Potoprens

**Nimewo telefòn li yo se : 245-5117
244-3065**

Kisa nou kenbe sou Biwo Pou Pwoteje Sitwayen an ?



- 1) Ki wòl Biwo Pou Pwoteje Sitwayen an ?
- 2) Ki aktivite yo ba l manda fè ?
- 3) Kisa yon sitwayen ka fè si li sibi yon abi nan men gouvènman an ?

PATI POLITIK

M O D I L • 11



OBJEKTIF

PWEN 1 - KISA YON PATI POLITIK YE

PWEN 2 - TWA ELEMEN YON PATI POLITIK

PWEN 3 - PATI POLITIK SE KANAL IRIGASYON LETA.

PWEN 4 - POUVWA AK OPOSISYON: PA KA GEN YOUN SAN PA GEN LÒT.

1- Kisa Yon Pati Politik Ye

DEFINISYON :

YON PATI POLITIK, SE YON GWROUP MOUN KI ÒGANIZE YO EPI KI PATAJE MENM LIDE SOU KI JAN POU FÈ LETA MACHE PI BYEN.

Atik 31 konstitisyon an bay tout moun dwa pou yo reyini lib (depi yo pa gen zam) ak fè tout kalite asosiyasyon politik, ekonomik, sosyal elatriye.

Si atik 31 kouvri tout kalite asosiyasyon, kisa ki fè diferans ant yon senp òganizasyon ak yon pati politik?

- Yon senp **òganizasyon**, se yon gwoup moun ki mete tèt yo ansanm bò kote yon objektif, kit se nan domèn agrikilti, anviwònman, relijyon, èspò, elatriye.
- **Yon pati politik, se yon oganizasyon ki gen yon objektif politik ki se pase nan eleksyon pou aplike pwogwam li an.**

Konsititasyon an bay presizyon sou wòl pati politik yo gen pou jwe pou fè pase volonte pèp la. Konsa, yo gen dwa travay lib toutotan yo suiv règ ak tout prensip demokratik ak tout lwa peyi a.

Wòl yon pati politik se marye ideyoloji pa yo ak sa popilasyon an mande nan yon pwogram politik.

Yon pwogram politik, se yon dokiman yon pati politik pibliye ki bay plan daksyon li vle aplike lè li pran pouvwa nan eleksyon.

Nan pwogram pa yo, pati politik yo toujou di tout sa li vle fè lè li pase nan eleksyon. Men pifò aktivite leta yo, tankou wout, lekòl, elatriye, mande yon ti kòb ak yon bon jesyon. Konsa, tout bon pwogram politik pral klè sou twa bagay :

- 1) Kijan pati pral fè pou fè plis lajan rantre nan kès leta atravè taks, ladwan, frè, ed entenasyonal, elatriye.

- 2) Kijan pati pral a depanse kòb leta yon manye efikas pou atenn tout objektif yo.
- 3) Ki mezi pati an pral pran pou anpeche koripsyon ak magouy andedan gouvènman yo pral dirije.

Kisa nou kenbe sou yon pati politik?



- 1) Kisa ki yon pati politik ?
- 2) Kisa konstitisyon an di sou pati politik yo ?
- 3) Ki pinga konstitisyon ba yo ?
- 4) Ki diferans geyen ant yon senp oganizasyon ak yon pati politik ?
- 5) Ki objektif yon pati politik ?
- 6) Ki wòl yon pati politik ?
- 7) Kisa ou ta renmen wè nan yon pwogram pati politik ?
- 8) Dapre ou menm, ki prekosyon yon gouvènman ka pran pou anpeche koripsyon ?

2- Twa Eleman Yon Pati Politik

Chak pati politik gen twa (3) eleman fondal natal :

- 1) Ideyoloji

- 2) Chapant
- 3) Aktivite piblik yo

1) Mo « Ideyoloji » a soti nan mo « lide. »

Kidonk, yon ideyoloji se lide tout manm yo kwè ladann. Se visyontout manm pati a pataje sou kijan yon gouvènman ka mache pi byen. Ideyoloji a se fondasyon pati a ak siman ki kenbe tout manm pati yo ansanm.

Men kèk gwo gwoupman pati politik nou twouve nan lemonn ak ideyoloji pa yo :

- **Pati Demokrat Kreyen** yo reyini moun ki eseye mete yon politik ki swiv lide legliz katolik yo.
- **Pati Sosyalist** yo reyini moun ki vle gouvènman pran pigwo wòl nan endistri ak komès.
- **Pati Liberal** reyini moun ki vle aplike yon politik komès lib.

Ideoloji yon pati ta dwe defini nwa sou blan nan pwogwam pati a met deyo a. Konsa tout moun ka gen chans kone lide pati a yo, epi deside si yo dakò oubyen si yo pa dakò ak yo.

2) Chapant pati a se règ yon pati elabore pou oganize tèt li. Tankou :

Regleman sou kilès ki kapab manm pati a.

Pwosesis pou chwazi moun ki pou dirije pati a.

Pwosesis pou chwazi kandida pou pati a.

Menm jan yon jwè foubòl ki pa fè antrenman pa ka al sou teren pou l jwe match, menm jan tou pati a bezwen bon chapant nan avan li al mennen aktivite politik li bò kote

Popilasyon an. Sa yon pati fè andedan lakay li, se sa li pral fè andeyò. Kidonk, yon pati bezwen gen bon lide ak bon chapant si li vle reyisi nan aktivite piblik li yo.

3) **Aktivite Piblik yo se tout aktivite ke pati a fè pou aten objektif li.**

Men kèk aktivite piblik yon pati ka fè ni lè li nan pouvwa ni lè li nan opozisyon tou:

- Kenbe kontak ak popilasyon an pou ke pwogwam pati a ka toujou repann a bezwan yo.
- Fè ideoloji ak pwogwam pati a pran lari pou tout sitwayen ka wè l ak diskite l.
- Rekrute manm ak senpatizan.
- Fòme manm ak kandida.
- Mennen kanpay pou kolekte fon.
- Fè kanpay nan laprès ak relasyon piblik sou pwogwam yo.
- Enskri kandida nan eleksyon ak mennen kanpay elektoral.
- Kenbe relasyon ak lòt pati yo epi cheche fè kowalisyon ak lòt pati ki pataje kèk lide.
- Kenbe relasyon ak touletwa pouvwa yo pou ke pati a ka konprann yo pi byen epi ka aji sou yo tou.

Kisa nou kenbe sou Twa Eleman Pati Politik Yo ?



- 1) Ki twa eleman yon pati politik genyen ?
- 2) Kisa yo rele ideyoloji ?

- 3) Poukisa yon pati ta dwe geyen yon bon chapant ?
- 4) Pran de ou twa aktivite yon pati politik ta sipoze fè toutan epi eksplike poukisa li enpòtan pou yon pati fè yo.
- 5) Nan ki kondisyon ou ta pran kòb ou pou bay yon pati politik ?
- 6) Dapre ou menm, kisa ki pi bon mwayen pou yon pati politik al chèche manm?
- 7) Ki aksyon ou ta renmen wè yon pati politik fè bò lakay ou?
- 8) Ki relasyon yon pati ta dwe genyen ak lòt pati yo?

3- Pati Politik Se Kanal Irigasyon Leta.

Mem si demokrasi se yon sistèm kote sitwayen gen otorite, gouvèman an pa ka ale jwen chak gren sitwayen. Menm jan yon rivyè bezwen kanal irigasyon yo pou kontwole dlo pou evite dega epi ran dlo a pwodiktif, menm jan tou demokrasi bezwen plizyè enstitisyon pou ranmase lide ak bezwen popilasyon yo pou fè yo bay plis randman.

Si pa gen bon kanal irigasyon dlo ka debòdè jaden yo, kraze tout plant yo. Si pa gen pati politik ki fonksyone byen, revandikasyon pèp la yo kap debòde gouvènman, kraze leta. Ak bonjan pati politik, jaden leta kap awouze pi byen, popilasyon ak teritwa kap fleri.

Pati politik ka :

- 1) **Senplifye deba politik** ki gen pou fèt ant plizyè lide.
- 2) **Fasilite travay elektè** yo. Lè gen pati politik yo, lè yon elektè al vote li pa bezwen konnen chak gren moun pami 50 kandida yo. Li ka plizoumwon idantifye vizyon chak kandida lè li wè nan ki pati politik kandida soti.

Kisa nou kenbe sou Pati Politik ?



- 1) Poukisa popilasyon nan yon demokrasi bezwen pati politik yo ?
- 2) Poukisa pati politik yo bezwen popilasyon an ?
- 3) Nan ki sans pati politik yo rann pwosesis demokratik la pi senp ?
- 4) Poukisa yon moun ta chwazi vin manm yon pati politik ?
- 5) Sou ki baz yon moun ta vote yon pati politik nan eleksyon yo ?

4- Pouvwa ak Opozisyon Pa ka gen youn san pa gen lot.

Aktivite yon pati diferan lè li pran pouvwa nan eleksyon avek lè li nan opozisyon an.

Poutan ni pouvwa ni opozisyon ta dwe genyen menm bi ; fè gouvènman mache pi byen pou byennèt tout popilasyon an.

Kidonk, pati nan pouvwa pa fèt pou l kraze tout moun ki pa dakò avèk li.

Menm jan tou, pati nan opozisyon pa fet pou yo bloke tout sa pati nan pouvwa vle akompli.

Kit se pouvwa kit se opozisyon, yo touledè toujou la pou sèvi popilasyon an.

Men kèk travay pati yo genyen :

Pati ki nan pouvwa gen pou l :

- 1) **Aplike pwogwam li atravè egzekitiv ak lejislati.**

Poutan pati nan pouvwa sipoze toujou respekte dwa minorite yo ak règ jwèt konstitisyon etabli ansanm ak lalwa.

2) Tande popilasyon an toujou pou pwogwam gouvènman an ka toujou reponn a bezwen yo.

Tou patou sou latè, nan chak peyi, kandida ki pase nan eleksyon gen tandans lage pèp la dèyè. Lè yon pati genyen nan eleksyon, pati sa a kap bliye se ansanm ak popilasyon an li te monte. Li komanse pèdi kontak ak baz li epi li riske pa monte nan prochen eleksyon an.

Pati ki nan opozisyon an toujou gen plizyè responsablite:

- 1) **Travay avèk palmantè** ki soti nan pati sou pouvwa a pou asire ke lwa palman a soti nan avantaj tout sitwayen yo.
- 2) **Veye sou egzekitif** la pou asire si egzekitif pa fè okenn abi pouvwa.
- 3) **Asire** ke egzekitif pa fè bak sou pwomès li te bay nan kanpay elektoral la.
- 4) **Represante opinyon minorite a** nan palman epi asire dwa yo proteje.

Kisa nou kenbe sou Pouvwa ak Opozisyon ?



- 1) Ki bi opozisyon ak pouvwa sipoze genyen ?
- 2) Ki travay yon pati ki nan pouvwa sipoze fè ?
- 3) Ki antrav genyen lè yon pati monte nan pouvwa ?
- 4) Kisa popilasyon ka fè lè sa rive ?
- 5) Ki travay yon opozisyon ka fè ?

ELEKSYON

MODIL • 12



OBJEKTIF

PWEN 1 - ELEKSYON SE CHWA SITWAYEN YO

PWEN 2 - ELEKSYON SE FONDASYON KAY DEMOKRASI A.

PWEN 3 - RÈG JWÈT ELEKSYON YO

1- Kisa ki yon eleksyon

DEFINISYON :

MO ELEKSYON AN SOTI NAN MO LATEN « ELEGERE », KI VLE DI « CHWAZI. »

Yon eleksyon se pwosesis sitwayen yo fè pou chwazi ki moun ki pou okipe pos nan enstitisyon leta yo.

Depi yo ranpli kritè lalwa a poze (laj, elatriye) tout sitwayen nan yon demokrasi gen dwa:

- 1) Vote nan eleksyon.
- 2) Poze tèt yo kòm kandida.

Dwa sa yo rekonèt ni pa konstitisyon an ni pa « deklarasyon inivèsèl dwa moun » Nasyon Zini yo mete deyò.

Kisa nou kenbe sou eleksyon?

- 1) Kisa yon eleksyon ye?
- 2) Èske se sèlman moun ak gwo mwayen ki ka kandida ?
Poukisa ?
- 3) Konbyen fwa ou te vote nan vi ou ?
- 4) Poukisa ou te vote ?
- 5) Si te gen eleksyon kote ou pa t vote, poukisa ou te rete lakay ou ?



2- Eleksyon, se fondasyon kay demokrasi an.

Eleksyon se pi gwo mwayen pou sitwayen yo egzèse otorite yo. Se nan eleksyon sitwayen yo prete pouvwa yo genyen pou dirije leta bay moun yo chwazi a. Kidonk, eleksyon se fondasyon yon demokrasi.

Lontan preske tout gouvènman yo te dirije pa moun ki pran pouvwa nan de fason :

- 1) Dapre **Nesans** (ki se monachi). Ki vle di yon moun vin dirije gouvènman an paske papa l te dirije l.
- 2) **Pa ak fòs** (ki se **diktati**). Ki vle di yon moun vin dirije yon gouvènman paske li te kraze lòt moun ki t'ap dirije avan li.

Men, nan de (2) fason pran pouvwa sa yo, sitwayen pa gen anyen a revwa ak gouvènman an. Yo pa gen vwa ochapit.

Nan yon demokrasi se bilten vòt elekte yo ranpli ki mete yon moun sou pouvwa.

Eli yo se sèvant elektè yo.

Moun sitwayen yo te vote gen pou aplike pwogwam yo san yo kraze dwa pyès moun. Nan plizye peyi, moun ki pase nan eleksyon pote non « Sevant Piblik. »

Ki vle di tout eli pa la pou pwòp tèt pa yo. Menm jan yon sèvant lakay la la pou sèvi mèt kay la, menm jen sèvant piblik yo la pou sèvi mèt leta a ki se sitwayen yo.



Sak pase lè yon sitwayen pa vote

- Lè yon sitwayen pa vote, li fè kado pouvwa li genyen pou dirije leta a.
- Lè yon sitwayen pa vote, li double pouvwa lòt sitwayen ki al vote.
- Nan yon demokrasi tout sitwayen yo sipoze egal-ego. Moun ki pa vote balanse sistèm nan paske yo bay moun ki vote plis pouvwa pase yo.

Kisa nou kenbe sou

Eleksyon se fondasyon kay demokrasi an ?



- 1) Èske nan peyi Dayiti moun te konn pran pouvwa ak fòs? Bay yon egzanp.
- 2) Èske nan peyi Dayiti moun te konn pran pouvwa dapre nesans li? Bay yon egzanp.
- 3) Ki avantaj eleksyon yo genyen sou pran pouvwa dapre nesans ak avèk lafòs?
- 4) Poukisa li enpòtan pou vote nan chak eleksyon ?
- 5) Si ou menm ak zanmi ou pa vote nan eleksyon, ki konsekans sa ka genyen?
- 6) Ki wòl yon moun ki monte nan eleksyon ?
- 7) Poukisa yo ka rele moun ki genyen nan eleksyon sèvant piblik?
- 8) Ki jan yon eli sipoze sèvi popilasyon an ?

3- Règ jwèt eleksyon yo

Eleksyon pa dwe fèt nenpòt ki jan. Tout bon eleksyon se :

- 1) **Periyodik.** Eleksyon yo dwe genyen yon kalandrye fiks. Se pa lè moun nan pouvwa vle ale nan eleksyon yon eleksyon dwe fèt.
- 2) **Jis.** Yon gouvènman pa ka bay yon kandida oubyen yon pati pyes avantaj pase tout lot yo. Tout kandida ak elektè dwe gen menm chans.
- 3) **Transparan.** Tout eleksyon ta dwe ouvèt epi transparan pou tout sitwayen ka wè si yo jis.

Pou asire eleksyon periodik, jis ak transparan sou tout teritwa peyi a, nou bezwen règ.

Se konstitisyon ki bay gwo kad pou eleksyon yo lè li defini:

- 1) Ki kritè elektè yo dwe ranpli (laj, nasyonalite, kote yo rete, elatriye).
- 2) Ki kritè kandida yo dwe ranpli (laj, nasyonalite, kote yo rete, elatriye).
- 3) Ki pos ki se pos « eli » (Prezidan, Palmantè, Majistra, Kasèk, Asèk, elatriye).
- 4) Ki manda eli yo genyen (6 an, 5 an, 4 an, elatriye).



Eleksyon

Gen peyi kote fanm pa gen dwa vote.

Genyen menm ki al pi lwen pou mande fòk elektè yo konn li ak ekri.

Nan peyi Dayiti fanm kou gason ka al vote depi yo genyen 18 rekòt kafe.

Men gen kòz ki fè yon sitwayen pa ka vote:

- 1) Yon kondanasyon kriminel pandye sou tèt li,
- 2) Li kondane pou tèt li te fè magouy nan eleksyon,
- 3) Li pèdi lòlòj li.

Aprè konstitisyon an se Palman an ki sipose bay plis detay sou koman mene yon eleksyon nan yon Lwa Elektoral.

Jan nou te wè nan Modil # 9, Pwen # 1 se Konsèy Elektoral Pèmanan (KEP) ki gen pou l mennen eleksyon kòm sadwa dapre konstitisyon ak lwa elektoral la.

Eleksyon se yon pwosesis ki ta dwe fèt nan tout teritwa peyi Dayiti la. Konsa KEP la dwe genyen biwo toupatou. KEP la desantralize nan fason sa-a:

Biwo Enskripsyon (BE), se biwo kote moun yo ka enskri ak pran kat elektoral yo. BE sipose toupatou nan chak seksyon kominal

Biwo Vòt (BV), se biwo kote moun yo al vote jou eleksyon yo. BE sipoze toupatou nan chak seksyon kominal.



Biwo Elektoral Kominal (BEK) la pou:

- 1) Oganize enskripsyon sitwayen komin nan ki gen laj pou vote
- 2) Resevwa deklarasyon kandidati sitwayen ki vle Depite, Kasek, elatriye.
- 3) Oganize epi fè fonksyone tout Biwo Vòt ki nan komin nan.
- 4) Resevwa bilten ak rezilta ki sot nan tout BV nan komin epi drese pwosè vèbal yo.
- 5) Voye rezilta yo bay BED.

Biwo Elektoral Depatmantal (BED), yo chita nan chèflye Depatman yo. Yo la pou:

- 1) Kowòdone, kontwole epi sipèvize travay BEK yo nan depatman an.
- 2) Resevwa deklarasyon kandidati tout sitwayen ki vle vin Prezidan ak Senatè.
- 3) Resevwa plent kandida yo.
- 4) Resevwa rezilta ki sote nan tout BEK nan depatman an epi voye yo bay

Kisa nou kenbe sou Règ jwet eleksyon yo?

- 1) Ki twa eleman yon bon eleksyon?
- 2) Bay kèk egzanp yon eleksyon ki pa jist ak transparan?
- 3) Kilès ki bay règ pou jan eleksyon dwe fèt?



- 4) Ki wòl yon BE?
- 5) Ki wòl yon BV?
- 6) Ki wòl yon BEK?

4- Kanpay Elektoral

DEFINISYON :

YON KANPAY ELEKTORAL, SE YON SERI AKTIVITE YON PATI OUBYEN YON KANDIDA MENNEN POU GENYEN NAN ELEKSYON YO.

Anvan chak eleksyon, pati politik yo ak Kandida yo dwe gen yon tan pou yo mete pwogwam yo nan lari pou rive konvenk elektè yo pou al vote pou yo.

Yon kanpay elektoral dwe chita sou diferan solisyon kandida pwopoze. Konsa elektè yo ka chwazi ki pwogwam ki atire yo plis. Si kanpay se bèl pwomès, atak pesonèl, zen ak make pwen, se elektè yo ki pèdi. Paske yo pa ka fè yon chwa baze sou sak pi bon pou peyi a.

Pami tout aktivite ki genyen nan yon kanpay ou jwenn:

- **Reyinyon politik** kote kandida yo prezante pwogram yo devan piblik la.



- **Deba politik** kote kèk kandida eseye montre diferans ant youn ak lòt.
- **Spòt radyo ak televizyon** yo, fè lib tribin.
- **Pankat, afich**, foto, bay mayo, badj, elatriye.

Menm jan yon bon eleksyon dwe jis ak transparan, menm jan tou, yon bon kanpay dwe jis ak transparan. Ki vle di yon kanpay elektoral dwe fèt lib san presyon ni kote kandida a, ni kote elektè yo.

Tout pati ak kandida bezwen yon ti kòb pou mennen aktivite pa yo. Lepli souvan yo mande kob nan men sipòtè yo, tankou biznis, sendika, individi, elatriye. Yon kandida ka chèche sipòtè li yo pou ede l nan kanpay la tou.

Nan tout eleksyon pati nan pouvwa la gen tentasyon itilize byen leta (radyo, televizyon, jounal, machin, elatriye) pou mennen kanpay pa yo. Me konya nou ka konpran byen leta yo pa pou yon moun oubyen yon pati. Yo la pou sèvi tout popilasyon; ki vle di si pati nan pouvwa itilize byen leta pou mennen kanpay pa l, li bay tèt li yon avantaj ki pa jis, epi li pran byen popilasyon pou pwòp tèt pa l.

Kisa nou kenbe sou Kanpay elektoral la?



- 1) Kisa ki yon kanpay elektoral la ye?
- 2) Poukisa yon bon kanpay dwe chita sou pwogram ak plan chak kandida?
- 3) Ki aktivite yon kandida ka fè lè li mennen kanpay li?
- 4) Ki aktivite yon kandida pa sipoze fè lè li mennen kanpay li?
- 5) Kijan yon kandida ki pa gen gwo mwayen ka fè pi bon kanpay pase yon kandida ak gwo mwayen ?

6) Koman ou menm ou pral chèche konnen pwogram kandida yo nan prochen eleksyon an?

Gaphisme:

C+G Design...

4, 2^{eme} Ruelle Rivière
Tel: 245-3558 / 407-3663



NATIONAL DEMOCRATIC INSTITUTE
FOR INTERNATIONAL AFFAIRS

Board of directors

Senior Advisory Committee

Madeleine K. Albright
Chairman

Rachelle Horowitz
Vice Chair

Kenneth F. Melley
Secretary

Eugen Eidenberg
Treasurer

Kenneth D. Wollack
President

Bernard W. Aronson
J. Brian Atwood
Harriet C. Babbitt
Elizabeth Frawley Bagley
Joan Baggett Calambokidis
Oaul L. Cejas
Barbara Easterling
Geraldine A. Ferraro
Patrick J. Griffin
Joan Anderson Growe
Shirley Robinson Hall
Harold Hongju Koh
Petter B. Kovler
Elliot F. Kulick
Nat LaCour
Lewis Manilow
Molly Raiser
Nicholas A. Rey
Nancy H. Rubin
Elaine K. Shocas
Marva A. Smalls
Michael R. Steed
Maurice Tempelsman
Raul Yzaguirre

William V. Alexander
Michael D. Barnes
John Brademas
Bill Bradley
Emanuel Cleaver, II
Mario M. Cuomo
Patricia M. Derian
Christopher Dodd
Michael S. Dukakis
Thomas F. Eagleton
Martin Frost
Richard N. Gardner
Richard A. Gephardt
John T. Joyce
Peter G. Kelly
Paul G. Kirk, Jr.
John Lewis
Donald F. McHenry
Abner J. Mikva
Azie Taylor Morton
Daniel Patrick Moynihan
Charles S. Robb
Stephen J. Solarz
Theodore C. Sorensen
Esteban E. Torres
Cyrus R. Vance
Anne Wexler
Andrew j. Young

Chairman Emeriti
Paul G. Kirk, Jr.
Walter F. Mondale
Charles T. Manatt

Gid Sitwayen Dezyèm Edisyon